

Sila Ki Nan Ou A

63-1110E

BRANHAM TABÈNAK, JEFFERSONVILLE, INDIANA, ETAZINI

1 Mèsi, Frè Neville. Seyè a beni w.

Ann rete kanpe jis yon moman pandan n ap priye. Ann bese tèt nou kounye a. E tout sa ki ta renmen yo sonje yo nan lapriyè sa a, leve men w epi di: "Bondye, se mwen."

2 Bondye ki Sen epi k ap fè Gras, nou prezante pèp sa a devan Ou, avèk rekèt ke yo genyen. Yo mande pou yo sonje yo. E, Seyè, men pa m leve tou. Mwen priye W pou W gen pitye pou nou. Ou konnen bezwen nou yo, epi nou priye, jan Ou te anseye nou pou nou priye : "Se pou Wayòm Ou an vini. Se pou volonte Ou fèt sou tè a, menm jan li ye nan Syèl la." Papa, aswè a, nou reklame mizèrikòd, libète Lespri, pou nou kapab pote Verite Levanjil la bay moun yo, ak sa nou kwè ki se Mesaj pou lè sa a, pou Legliz Ou a. Seyè, n ap priye pou nou fè pati Legliz sa a ke yo dwe rele nan dènye jou yo! Papa, si nou pa fè pati de sa, alò revele nou kisa nou dwe fè pou nou fè pati de sa. Epi ban nou lagras, pwisans, nan moman eprèv sa a ki sou tè a pou teste tout moun ki abite isit la. Ban nou Sentespri Ou, pou dirije nou epi gide nou, pou nou ka finalman, alafen, vin jwenn Ou ak lapè, pou Lavi Etènèl sa a ke tout kwayan espere depi nan kòmansman tan an. Ede nou, Seyè. Nou mande li nan non Jezi. Amèn.

Nou mèt chita.

3 Mwen vrèman rekonesan pou privilèj mwen genyen pou mwen isit la aswè a—aswè a, e pou gras Bondye ki te ban nou gras a Jezi.

4 E konsènan Mesaj la--la maten an, kounye a, mwen vle tout moun byen konprann. Kounye a, mwen fè Bondye konfyans ke se pa tan sa a. Ou wè? Men mesaj la se verite. Mesaj la vre.

Li pral vre, li pral vre nenpòt kilè, si se pa tan sa a. E sa sanble anpil ke se tan an, jiskaske mwen te santi m tankou Pòl nan tan lontan, ki te di : "Mwen pa evite fè nou konnen tout Konsèy la,"ou wè, tout sa ki gen pou fè.

5 Te gen yon sèl bagay mwen te fè maten an, ke mwen regrèt ke mwen te di li. Mwen—mwen te site non yon frè ke mwen panse ki nan erè. Mwen pat dwe fè sa. Mwen pa janm site non yon moun; epi si bann lan ta rive tonbe nan men I. E mwen vle wè l epi pale avè l, paske mwen panse frè a, se yon gran nom, yon bon moun ki déjà preche isit la dèyè chè a, Frè David duPlessis. E mwen pa t vle site non I. Mwen te enkyete de Mesaj la, e latrìye, osijè si se tan sa a, epi mwen te site non frè a. Mwen pa abitye fè sa. Mwen regrèt mwen te fè li. Mwen renmen frè David duPlessis. Li se frè nou, e mwen—mwen panse vrèman ke se yon nom entelijan kòmkwa sa a ta dwe plis enstwi nan Lekriti.

M ap di nou sa li ye. Se, koze ke David avè m te genyen...

6 Yon fwa li te pale pou mwen nan reyinyon yo. Li te preche drèt dèyè chè sa a, oswa nan ansyen legliz la, jis isit la dèyè chè sa. Epi frè I la, Justus, te entèprèt mwen nan Lafrik di Sid, kote mwen pral retounen. E yo soti nan yon bon fanmi, yon fwaye Pannkotis, yon moun ki vrèman de byen. Mwen kwè David, te prezidan, yon fwa, nan Asanble Mondyal Pannkotist yo, e nan Konferans Mondyal Pannkòt la. Li te youn nan prezidan yo. E pita li te vin Ozetazini e li te rete nan Texas, ak frè Gordon Lindsay, epi answit li te kòmanse preche nan diferan kote.

7 Men kisa sa te ye, kote mwen panse chè frè nou an te fè erè a; jis tankou mwen sijè alerè tou, oswa nenpòt lòt moun; li te kòmanse ap trete ak moun ki nan lelit yo. Li t ap pale san rete de Invèsite Princeton ak kote ki t ap envite I yo, li te panse ke li t ap fè sa ki byen, epi se machin lan li t ap ranpli; Ou wè, ak kè kontan konsa!

Kòm non sèlman sa, men se Òmdafè Plen Evanjil yo tou, ki patwone reyinyon mwen yo, atravè lemonn antye--antye. Ou wè? Mwen—mwen renmen mesye sa yo, ou wè, men mwen sètènman pa dakò ak yo sou prensip ke yo—yo—yo...Yo—yo mete sou kote, prensip yo, kote yo te kòmanse, e kounye a yo vin jis. tankou nenpòt lòt òganizasyon oswa nenpòt bagay. Ou

wè? E sa k genyen, yo p ap eseye rete lapannkòt, men y ap eseye melanje lapannkòt ak rès lòt bagay ansanm.

8 E li sanble dapre mwen ke frè duPlessis sa a, yon bél gason debyen konsa, ta konnen ase sou Lekriti ke lè li wè vyèj fòl yo ap eseye achte Lwil, li two ta. Ou wè? Sonje byen, lè li te vin achte Lwil, pa t rete Lwil ankò. Sa se Lekriti. Epi li te di Legliz la: "Ban nou nan Lwil ou a," men li pa t resevwa Li. Li gen dwa sote ponpe, pale an lang, ak nenpòt lòt bagay ankò, men, dapre Pwòp Pawòl Bondye a, li pa t resevwa Li. Epi yo te jete li nan fènwa deyò a; epi te gen kriye, rele, ak manje dan, lè Lepouz eli a te fin antre. Vyèj saj la—la te gen Lwil nan lanp li.

9 Kounye a, mwen—mwen konnen yon lòt òm, yon bagay ki te pase jis lòt jou a. Ki sa li ye, se bél moun sa yo, ou wè, yo konmanse gen yon ti kras, nou konn sa m vle di, yon ti kras enfliyans nan mitan moun yo. E premye bagay ou konnen, yo santi ke se Bondye ki fè sa. E anpil fwa, se dyab la k ap fè sa. Ou wè?

10 Jezi te gen chans pou prezante devan Ewòd; Li te gen yon chans pou prezante devan anpil moun, e yo te vle sèvi avè L pou fè espektak. Ou wè?

Se tout sa y ap eseye fè ak Pannkòt. Lapannkòt soti nan bagay sa yo, yo dwe diferan. "Epi tankou yon kochon ki tounen nan labou li, ak yon chen nan vomisman li, yo retounen dèyè drèt ankò," e kounye a yo nan Konsèy Ekimenik. Ou wè? Se domaj. Se yon wont.

11 Ke Bondye kenbe m piti epi enb, pou Li ka revele Verite Li a. Ou wè? Mwen pa janm vle fè sa; pa gen limyè klere, e pa gen ekla ak flash pou mond lan. Kite m pran wout la ak kèk moun meprize ki pou Seyè a. Kite m rete ak Pawòl la.

12 Kounye a ann pale osijè Konsèy Ekimenik la k ap ini ak Vatikan an. Èske w kwè ke yo te ka ini sou baz Pawòl la? Yo ta ka fè sa sou baz òganizasyon, men yo pa kapab sou baz Pawòl la. Ou wè? Se vre. Kifè pa gen anyen pou fè konpwomi. Ou wè? Yon òganizasyon, se tout menm bagay la, tout bagay la se menm; li pafètman an liy, manman ak pitit fi. Men lè sa konsène Pawòl sa a, mwen jis byen fèm kont Metodis ak Batis ak Presbiteryen, menm jan mwen kont Katolisis, paske se manman ak pitit fi, dapre Pawòl sa a. Se ak Pawòl sa a mwen kanpe, ou wè, Sa a , chak Pawòl ladan L.

13 Kounye a, presye frè sa a, li menm ak madanm li se zanmi pwòch mwen. Anpil nan nou te wè magazin lan, kote ki jan ke presye frè sa a, yon frè Bondye voye ta ka janm kite madanm li...Yon moun te di li li te sanble ak Jacqueline Kennedy, epi li te fè yonn nan gwo koup cheve yo ak lòt bagay. Kisa li ye? Li asosye ak kalite moun sa yo, tout tan, epi finalman ...

Yon bon gason ki pran yon move fanm, li pral swa vin tounen yon bon fanm oswa...Mwen vle di, yon bon gason ki pran yon move fanm, li pral swa vin yon bon fanm oswa li pral tounen yon move gason. Montre m konpayi ou, m ap di w ki moun ou ye. Ou wè? Zwazo menm plim, rasanble ansanm. Rete Iwen bagay ki klere!

14 Mwen te desann nan yon min, lòt jou a, byen Iwen anlè tèt montay Arizona yo ak—ak Meksik. Frè Sothmann ak mwen menm, ki chita isit la, te la ansanm. E mwen te antre ladan I epi mwen te detere yon pakèt... Li sanble jis egzakteman tankou lò. Men sèl fason ou ka di li pa lò, li klere pi byen pase lò. Li klere. Epi lò pa klere, li reyone. Ou wè? E se sa yo rele, "lò moun sòt." Li pa menm vo menm jan ak wòch ki ladan I lan. Yo rele sa pirit fè. Mwen panse ke, nan la-la...Santis yo deklare ke dlo yo ak asid ki koule yo, ak bagay sa yo, pa janm rive la ase pou yo fè I vin di epi pote I nan yon kote pou fè I vin lò. Kifè li—li klere pi byen, men li pa gen pwodui chimik nan li.

Epi se jis konsa anpil nan swadizan Kretyen yo ye, ou wè, li va klere, epi tankou Hollywood. Men Legliz la reyone ak Levanjil la.

15 Kounyeya, Billy te fèk montre m yon sè ki te ase janti pou I t al chache magazin *Life* sa a, foto sa a, epi fè I agrandi, sèt Zanj yo, pou I te pran I, pou I te voye I ban mwen. Sa se foto a. E kounyeya, si w va remake isit la, pandan I t ap pati, li t ap tounen monte, lè Zanj yo te pote Mesaj yo, li te sou fòm yon piramid; jis egzakteman sa mwen te di w la, twa mwa anvan li te rive, jan sa t ap ye a. Eske se vre?

E Anj remakab la, ak zèl Li sou kote L yo, sou dèyè, lonje sou dèyè, nou sonje Li? Epi mwen te di: "Li te gen tèt Li... antan L t ap vini ak vitès sa a." Ou menm wè zèl yo *la*? Epi men Anj lan *la*, jis egzakteman jan yo te di a.

16 Bon, se sèl Bondye ki ka fè sa. Yo gen yon foto ki tache isit la tou, yon fanm ki di... Anpil fwa, moun di...

17 Nan disènman an--an, mwen di : "Moun sa a gen lonbraj lanmò sou li, yon lonbraj nwa."

18 Kounye a, yo di: "Ebyen, li jis di sa." Ou wè, sa se moun sa yo ki pa ka fè tout wout la, yo pa ka wè sa. Yo ka rele fò avèk ou, yo ka—yo ka pale avèk ou; men lè sa konsène kwè tout bon vre, ak tout namm ak tout kò yo, yo pa ka fè li.

Kifè, men ou wè, si Bondye ladan I, epi li di Verite a, sa a se dènye tan nan listwa. Sa a se dènye nan istwa mond lan. L ap fèmen. P ap gen tan ankò, yon jou. Bondye ap konfime tout bagay, espirityèlman ak syantifikman.

19 Lè m te di, yon ti gason : "Yon Kolòn Dife, te sanble ak yon zetwal."

20 Konbyen moun ki sonje, nan ansyen tan, yo te konn rele L "Etwal"? Lè Li te parèt sou bò rivyè a, lè li te di: "Kòm te voye Jan Batis..."

21 Kounye a, finalman, Sa a desann, epi yo te pran foto L. Nou te konn gen youn isit la, yon kote. Ya, yo di li laba a nan kwen an; mwen pa ka wè li. Li syantifikman pwouve ke se Laverite.

22 Epi bon, e mwen di moun yo "te kouvri ak yon lonbraj." Bon, men te gen yon fanm, men foto a. Men ni limenm, li nòmal, jis tankou nenpòt lòt foto; tankou yon moun ta pran youn avèk yon aparèy. Mwen te di...Yon moun t ap poze tèt li kesyon sou sa. Epi mwen di fi a: "Ou kouvri ak lonbraj lanmò, ak yon kansè. Gen yon lonbraj nwa." Li vire epi li pran foto a. Fanm nan te la pou temwaye, e li ka la ankò aswè a, pou tout sa mwen konnen. Ou wè?

Koulye a, *men* fanm lan ki kouvri ak yon kapichon nwa. Trè byen, kounye a, men prèv syantifik la ke sa se laverite. Epi imedyatman apre ke sa te deklare fanm lan "geri," yo te pran foto a, epi li pa t la ankò. Kisa ki te frape lantiy la lè sa a? E kisa ki te pati, ki pat--pat devan lantiy la lè sa te deklare ke li te geri? Ou wè?

Bon, m te kanpe la, m te di nou ke Anj yo ta pral vini.

23 Frè Fred, se youn nan... Mwen te wè Frè Fred toutalè a. Mwen te panse li te jis isit la, men mwen te manke l yon kote. O, dèyè a la, se sa. Li te kanpe ant yon—yon distans de mil, oswa yon mil ak yon mwatye, oswa de mil, de kote mwen te ye a;li te tandem eksplozyon an, li te santi sekous la, ak tout lòt bagay, lè detonasyon te fèt. Èske se vre, frè Fred?

Epi te gen Zanj yo ki te la ke yo te voye tounen avèk Mesaj sa. E men ni la li menm nan fòm piramid la, jan mwen te montre nou kisa li ta dwe ye isit la, mwen te di nou ki jan yo ta dwe kanpe, anvan mwen t ale.

Yo te pran foto sou foto, atravè peyi a, rive jouk nan Meksik, sa te mezire karantuit km an wotè epi karant twa km nan lajè. E sa te sitèlman wo ke menm imidite oswa anyen kapab ... Imidite pa monte pi wo ke apeprè trèz oswa katòz km, alò yo te nan yon plas kote pa gen anyen pou fè imidite. Ou wè? E mwen panse ke sa te swa a yon wotè de karantwa km e li te mezire karantuit km nan lajè, oswa se te—se te karant-...oswa a yon wotè de karantuit km e sa te mezire karantwa km nan lajè, youn ou lòt. Magazin *Life* te pale de sa, oswa *Look*. Se te kilès, *Look* oswa *Life*? *Life*, magazin *Life*. Mwen panse, se te nan nimewo 17 me a. Se sa.

24 Kounye a men prèv syantifik la ke se Laverite, kifè donk nou—nou pa bezwen enkyete pou konnen si se Laverite; alafwa syantifikman, epi espirityèlman, sa ki te anonsé a te rive fèt. Kidonk, Mesaj Sèt So yo, ki rive nan fen yo, sa se Mesaj tout Bib la nèt. Sèt So yo fèmen Nouvo Testaman an epi sele li. Se vre. Kounye a, nou konnen ke se pa pawòl pwofetik, syantifik, ak Pawòl Ia. Twa bay temwayaj de li, ke se Laverite.

25 Se poutèt sa, nou konnen nou nan tan lafen an. Nou la. Mwen pa konn nan konbyen tan, mwen—mwen...Li p ap janm kite nou konnen sa, paske Vini Li pral "tankou yon vòlè nan mitan lannwit." Zanmi m yo, frè m, sè m, an nou jis pare, kèlkeswa. Ann jis sanktifye tèt nou. Ou wè? Paske, mond lan pral kontinye menm jan an. Yo p ap janm konnen sa rive. Lè pòt mizèrikòd yo fèmen, predikatè yo pral preche lesali, ap—ap fè moun yo repanti, ap kontinye jis tankou sa te toujou fè. Se sa ki te fèt nan lòt aj yo, e se sa kip ase nan... Se sa ki pral pase nan aj sa a.

E Anlèvman an pral sitèlman rive toudenkou epi sitèlman vit, ke mond lan p ap menm konnen, ke yo pati. Se vre. Yo p ap konn anyen sou sa. Li vini epi Li disparèt avèk li. Sa pral pase, yo p ap konn anyen sou sa.

Kidonk, rete nan lapriyè. Priye pou mwen. M ap priye pou nou. Nou pa konnen kilè lè sa a pral rive, men nou kwè ke li pral rive byento. Rete lwen bagay ki klere. Rete ak Levanjil la, ou wè, rete la menm kounye a, epi priye.

26 Kounye a, Billy te ekri m yon lèt isit la, oswa yon nòt pito, e li te di yon moun te vle konsakre yon ti bebe. Si se vre, (èske se sa?) leve men ou, si gen kèk... Wi, de ti bebe. Trè byen, mennen yo vini touswit. Epi Frè Neville...Epi m ap mande si sè nou ki sou pyano a ta vin isit la jis yon ti moman, pou konsekrasyon tibebe a. Nou pa vle kite anyen sou kote.

27 Kounye a, sonje, nan lè sa a demen swa, si Seyè a vle, m ap nan vil New York. Epi nou pral la sou chan batay la, pou n “konbat bon konba Lafwa a ”.

28 Donk, jis isit la, sè, si ou vle. Isit la devan an, epi mwen pral pran yo. Wi, madam. Mèsi. E kounyeya nou...

29 Konbyen moun ki pral lapriyè pou mwen? Kounye a, si Bondye vle; e, mwen espere ke Li vle; dimanch, nan yon semèn...Si tout bagay anfòm ak Frè Neville. [Frè Neville di: “Se byen.”] dimanch, nan yon semèn, m ap tounen ankò, sou wout mwen pou m al Louisiana, epi m ap kanpe pou yon reyinyon isit la nan legliz la. [“Amèn.”]

30 Mwen vle di nou tout mèsi pou jantiyès nou. Dam sa ki te voye sirèt sa yo pou mwen, mwen—mwen apresye sa. M pa konnen kiyès dam lan ye. Yon moun te voye yon bwat sirèt pou mwen ak kèk ti boulèt konsa. Li te reyèlman, reyèlman delisye. Vant mwen ranpli ankò avè I kounye a menm, epi mwen—mwen remèsyse ou. Epi ou panse ke ti bagay sa yo pa vle di anpil bagay? Se sèten yo enpòtan; se ti siy afeksyon. E plizyè moun yo bay ti kado lanmou yo. E yo montre Billy Paul, sa yo bay, ak tout bagay sa yo. Mwen—mwen jwenn li, ou wè. Ou pa konnen ki jan mwen apresye sa! Bondye beni w. M ap sonje sa, ou wè, konbyen plis Li va sonje li. “Tout lè ou te fè bagay sa yo a pi piti nan pitit Mwen yo, ou te fè sa pou Mwen.” Ou wè? Bon, va gen mizerikòd pou sila ki va fè mizèrikòd.

31 Kounye a, nou gen kèk bo ti zanmi isit la. Èske nou ta... Mwen ta vle nou rete la epi pou nou chante *Mennen Yo Vini*, apre sa. Oke, frè m yo, vin isit la jis yon minit.

O la la, men premye a, yon ti pè je mawon k ap gade m, ak yon gwo, bèl souri. Yon tifi, ki... [Manman an di: "Sharon Rose. Sharon Rose." — Editè a.] Sharon Rose, sa se yon gran non pou mwen. ["Frè Branham, nou rele I konsa, pou sonje pa w la."] Pou sonje ti fi m lan, ki te desede a. ["Nou te nonmen I konsa anvan menm li te fèt, Frè Branham."] Nou te ba I non sa anvan li te fèt. Si se te yon ti fi, nou ta p rele I Sharon Rose. ["Nou te sèten li ta pral yon ti fi. Li te dwe yon tifi."] Li te dwe yon ti fi. ["Sharon Rose Goodman."]

Ou konn kisa? Mwen pa konnen si ou konnen li oswa non; si madanm mwen te kanpe isit la, li ta pwobableman prèske endispoze. Sa a se menm kalite rad ke ti fi mwen an te gen nan konsekrasyon li, ti Sharon Rose. Moun sa a ka... Se pou sila viv; alòske, Bondye pran pa m lan.

Ki siyati ou? [Manman an di : "Goodman."—Editè a] Madanm ak... Èske nou sot isit la nan vil la? ["Chicago."] Chicago. Frè ak Sè Goodman, Bondye beni nou.

Ou konnen, ti Sharon mwen an te sanble avè l. Mwen pa devine gen pèsonn isit la ki sonje kouman li te sanble. Li te gen ti je mawon konsa, tankou manman l, yon vrè ti fi dous ak cheve nwa. Jis sou...

Ki laj ti bebe a? [Manman an di: "Senk mwa." — Editè a.] Senk mwa. Li te gen uit mwa lè Bondye te rele l. Mwen te wè li, yon ti kras apre sa. Nou konn istwa a. ["Nou genyen li lakay, sou bannt lan."] Nou genyen li lakay nou, sou bann lan.

Sharon Rose soti nan Pawòl la. Mwen te vire l alanvè, apati de, "Woz nan Sawon an." E Li te bezwen yon ti pitit fi tankou l, pami yo, sou lotèl Li a, kifè Li te pran l. Ou wè? E mwen pral avè l ankò. Se pou ti Sharon pa w la viv pou akonpli lavi li ta viv isit la sou tè a. Epi se pou li avèk nou nan Laglwa, menm jan ke mwen kwè Sharon mwen an pral avèk mwen.

Kòman ou ye? Ou wè? N ap pale de yon ti bagay amikal, gade sa! Li tou ap souri.

Annou bese tèt nou.

Chè Bondye, pandan m kenbe ti trezò sa a, yon ti Sharon Rose. Ou konnen nan kè m, Seyè, sa m ap panse, kifè m pa oblige eksprime l. Se pou Seyè Bondye Ki bay ti bijou sa yo nan kè nou beni! Beni kay Goodman sa a. Se pou paran yo onore, sa ke yo ye, poutèt yo gen yon bijou konsa nan kay la. Se pou li rete lakay yo, Seyè. E si gen yon demen, fè li yon fanm onorab pou demen.

Epi kounye a, Seyè Bondye, nan obeyisans a sa Ou te ba nou komisyon, avèk egzanp Ou a, Ou te pran timoun piti nan bra Ou epi Ou te beni yo, epi Ou te di : "Kite timoun piti yo vin jwenn Mwen." E yo mennen ti bebe a ban mwen, kòm sèvitè Ou, jan Ou te di sèvitè W la pou fè travay Ou. E men sèvitè Ou yo ki kanpe la : Frè Neville, ak Frè Capps, ak mwen menm. E kounyeya, Seyè Bondye, apati de bra papa ak manman an, nou ba Ou ti Sharon Rose Goodman, ke nou konsakre pou yon lavi sèvis, nan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni nou! [Sè Goodman di: "Frè Branham, nou gen senk lòt lakay nou tou, de tifi ak de ti gason." — Editè a.] Senk timoun, san konte sa! ["Wi."] Ala dous! Bondye beni w, frè Goodman. Bondye beni w, sè Goodman. Epi se pou Seyè a beni ti Sharon!

Kòman ou fè frè? Koulye a, ann wè, mwen—mwen...Arnett. [Papa a di: "Arnett." — Editè a.] Arnett. Arnett, se sa. ["Nou ba l—nou ba l non w."] Èske se vre? William, William Arnett? ["James William Arnett."] James William Arnett. Sa se yon bon ti gason. Ou konnen, nou deja gen kèk bagay an komen, li menm avè m; non an, e answit nou separe cheve nou menm jan, ou wè. Li se yon bon ti gason, Jimmy. M devine se konsa ou rele l, James? ["James."] James, alò, se byen.

Mwen mande m si m ap kapab kenbe l? ["Li ka pèmèt ou fè sa."] Mwen pa konnen. Bon, Jimmy, ebyen, nou se zanmi reyèlman. Ou konnen sa, pa vre? Trè byen.

Annou bese tèt nou.

Seyè Bondye, Ou beni kay sa a, kay Arnett ak bèl ti gason sa a. E m priye pou W beni papa l, manman l, byenneme l yo. Yo se Kretyen. Pou jan papa l te goumen anpil, pou l debarase l de sigarèt ak diferan bagay, depi...Yon jou, sa te vini pa yon "ENSI DI SEYÈ A." Li te tankou fanm nan ki te pèsistan ke li te pral rive laba. Malgre ke komès li an bès, epi tout bagay te

sanble an bès, li pran kanmenm yon pòsyon nan lajan li epi li tann diran entèvyou sou entèvyou, jouk yon maten sa te rive. Li te kwè ke sa t ap rive.

Kounye a li pote ti gason sa a ke W beni I avè I la, O Bondye, fwi inyon yo. Mwen beni ti James William Arnett sa a, nan Non Jezikri. Ba li yon lavi ki long. Fè I yon nonm diy de Levanjil Ou a pou demen, si gen yon demen. E, finalman, nan Wayòm ki gen pou vini an, se pou nou la ansanm. Mwen... sèvitè W yo, nou poze men nou sou li epi konsakre I bay Jezikri, pou lavi sèvis sa a. Amèn.

Bondye beni ou. Bondye beni w frè. Ou gen de ankò? Sa yo se menm yo. Trè byen.

Mwen kwè ou te ka prèske leve m, olye pou m leve w. Sa a se... [Frè Arnett di : "Sa se—sa se Al." — Editè a.] Alfred, ak Al ak Mat. Jis kite kongregasyon an wè, mwen renmen pou yo wè timoun yo. Mwen panse, lè yo piti, jèn, yo dous.

Kounye a, ann poze men nou sou yo.

Menm jan an tou, Bondye Toupwisan, nou menm sèvitè W yo, nou poze men nou sou timoun sa yo, ti frè ak sè ti gason sa a ke nou fèk konsakre la a. Nou mete men nou sou yo pou yon—yon konsekrasyon, soti nan men manman an ak papa a, pou al nan bra Jezikri, pou yon lavi sèvis, nan Non Jezikri. Amèn.

Bondye beni nou, Al ak Mat. Sè, mwen vrèman kontan wè w ankò. Se pou Seyè a demere avèk nou.

Jenn gason sa a, o la la, li se yon bon gason. Mwen te konn abitye separe cheve m konsa. Ou wè? Kijan I rele? [Papa a di: "Terrell Keith Walker." — Editè a.] Ke-...[“Terrell Keith Walker.”] Herrell Keith Walker. Ala yon bèl ti gason!

Mwen mande m, mwen jis pa konnen, ou wè. Li gade m tankou li ta ka aksepte. M mande m si mwen ta ka kenbe I? [Ti bebe a pale—Editè a.] Eske se vre, Keith? O, li se yon bon ti gason. Sèten. Èske se pa yon ti gason cheri? Herrell. [Manman an di: “Terrell.”] Herrell, Terrell Keith Walker.

Bondye Toupwisan, soti nan bra paran yo rive nan bra Jezikri, ti Terrell Keith Walker, nou poze men nou sou li nan konsekrasyon bay Bondye Toupwisan. Menm jan papa ak manman an vle pou tibebe sa a leve nan krent Bondye. Si gen yon denmen, fè l yon sèvitè ki diy de konsekrasyon sa a, paske nou menm sèvitè Ou yo nou poze men nou sou ti bebe sa a epi konsakre l bay Seyè Jezikri a. Amèn.

Bondye beni w, frè Walker. Èske sa se sè Walker? [Sè Walker di: "Wi, mesye." — Ed.] Li vrèman byen. Nou gen yon bon ti gason, e ke Bondye beni nou.

[Frè Gramby pale ak Frè Branham—Editè a.] Oke, mesye. [Frè Gramby kontinye ap pale.] Wi. ["Epi li te priye pou li lè li te fèt. Li te fèt ak yon boul nan machwè li. Epi ou te priye pou li, e sa te disparèt imedyatman."] Ti fi sa a, se Frè Grimsley nou... [Frè a di : "Gramby."] Gramby. Mwen—mwen melanje sa. Mwen konnen yon Frè Grimsley, mwen kontinye ap panse...Frè Gramby pote ti fi sa a. Epi lè li te fèt, li te gen yon gwo boul nan figi l. Epi mwen te priye pou li, epi boul la te deplase. Epi kounyeya yo vle lapriyè, paske... Èske paran yo se kretyen? ["Yo pa kretyen."] Yo pa kretyen. Epi yo pè ke yon move lespri pa posede timoun lan, epi yo vle li pati.

Annou lapriyè.

Seyè Jezi, sou ti ptit sa a, pandan l ap panche sou lotèl la... Se ke, Ou te montre gras Ou, pou retire yon boul timè nan bouch li. Kounye a yon move lespri ap eseye pran lavi timoun lan. Pa gen dout ke Ou ta ka sèvi ak ti fi sa a, e Ou planifye pou fè l, e Satan ap eseye atake plan an. Se poutèt sa, nou òdone Satan, nan Non Jezikri, pou l retire pat li--li ak limenm sou ptit sa a; pandan n ap remèt li bay Seyè Jezikri, pou glwa Bondye a. Amèn.

Frè Gramby, kwè. Timoun nan twò piti pou l apèn gen lafwa, men sa ap pase.

32 Mwen renmen L. Nou pa renmen L? [Kongregasyon an di: "Amèn." — Editè a.] Li mèveye.

Kounye a, tout moun, mwen te pwomèt aswè a ke mwen ta soti vè uitè trant, kidonk sa ban m yon demi èdtan. Bon, la, m pa konnen. Mwen ka jis pran yon ti kras plis tan pase sa. Men kounye a annou...

33 Mwen kontan wè Frè Dauch isi a maten an. E m pa konnen kote lòt nonm lan te fè; men maten an, si jamè li te gen yon moun ki te tèt koupe avè I, men nonm lan drèt la dèyè a, ki te yon doub pafè pou li. M te di, "Kilès ki se Frè Dauch la?" Mwen t ap gade ale tounen, e m ta pral rele I; men m te tèlman kapte pa Mesaj la. Ou konnen, Frè Dauch, ou parèt jis tankou ou te konn toujou ye. Mwen sitèlman kontan pou wè I nan kondisyon sa.

34 Jis sa pa fè lontan, m te resevwa yon apèl long-distans ki te vin de Tucson, pou priye pou li ankò, kòmkwa te gen yon lòt bagay ki te rive I. Mwen kwè, Frè Dauch, gen katrevèn dis oswa katrevèn onz lane. Li gen katrevèn dizan, mwen kwè, oswa katrevèn onz. Epi fizik ou ap desann. Men, "Tribilasyon jis la anpil, men Bondye delivre I de yo tout nèt." E pafwa, kan kò a rive nan yon pwen kote li pa ka kenbe ansanm ankò, m konnen li gen yon Men li kenbe. Menm si I se yon ponyen pousyè, Bondye te pwomèt pou resisite I a nouvo, nan dènye jou yo. E mwen gen sitèlman rekonesans.

35 Mwen sonje Frè Dauch, lè I te antre nan pisin lan isi a pou I te batize lan Non Jezikri, e li pa t menm gen ankenn rad pou yo te batize I, men li te vle kanmenm fè I. E Bondye te bon pou nonm sa. Jis panse, sa depase ventan depi Bondye te fè I pwomèt. Ou wè? Èske sa se pa gras!

Toujou etann, lòt jou la, ak yon defayans kadyak, epi yon kriz kè, ou wè, an plis de sa. Si Bondye pa t geri nonm sa pou pran swen I depi lè a, imedyatman. E mwen kwè, depi lè sa, doktè li te mouri. Èske se vre? Mwen kon... Ya, ke menm doktè a, doktè Jwif ki—ki t ap pran swen I lan, ak lòt bagay, ki te kanpe nan koulwa pou t ap pale m de li, li t al fè wout li. Ou wè?

O la la, ala, se pa tikras pwofon lanmou W ye, O Seyè! Ala gran lanmou Ou gran!

36 Kounye a, nou gen mouchwa la ke nou pral priye sou yo, jis nan yon ti moman. Men m pral pale on tikras sou lafwa, e apre sa nou va wè kouman Seyè a va koudui, kisa nou pral fè lè sa. Ebyen, annou jis kite sa nan men L, se meyè fason an. O, pou chita ansanm nan lye Selès yo!

37 M te pale a kèk nan zanmi m yo, jodi a, apre m te soti nan Blue Boar laba. E m te mande yo, "W ap rete pou sèvis la?"

38 "Wi."

39 M te di, "W ap gen pwobableman pou w kondui jiska minwi oswa inè." Yo te espere rive lakay yo nan alantou sizè di maten, wout lwen byen long. Sonje, yo se imen, e yo ka fatige jis menm jan avè m. Ap desann sou wout Tennessee a, ak toutotou, kote yo prale. Ke Seyè a beni yo.

40 Gen tèlman bagay mwen ta ka di; m jis pran twòp tan. Men, mwen—mwen pa wè w souvan, e mwen—mwen—mwen jis renmen pale avè w, de tout fason. Kifè si m pa di w tou sa m panse de ou, isit la,...Ou wè?

Mwen vle di frè sa yo. Kèk nan yo fèmen legliz pa yo.

41 Frè Jackson, isi a maten an, li te bay bèl entèpretasyon sa pou yon—yon mesaj an lang enkoni ke yon frè, te bay, pou konfime oswa apiye ke Se te Bondye. Èske w te remake, Li pa t janm di ke Se te fo, Li pa t janm di Se pa t sa; Li jis bay avètisman pou tandem. Ou wè? Ou wè? Kifè, Frè Junior te isi a maten an, e li te fèmen legliz pa li.

E mwen konprann ke lòt frè sa yo ki pi ba...lòt legliz yo tou, bò isi a nan Sellersburg.

42 Epi—epi Frè Ruddell, li te isi a maten an. Mwen pa konn si yo isi a aswè a ou pa. Dakò, isit la ankò aswè a! Ebyen, Seyè a beni w, Frè Ruddell, Epi nou menm...

Mwen jis pa ka eksprime I, jis sa m panse. Men petèt...Ebyen, kan nou va rive laba lòt kote a, m vle chita avèk nou jis pou di mil an, on sèl kou, ou wè. Lè sa, ou wè, nou va pale nèt ale.

43 E pandan mwason an mi, e ouvriye yo pa anpil, annou fouye dirèk ladann, petèt ka gen yon pechè ki toupre la. Petèt ka gen yon moun aswè a ki ka chanje tout trajektwa a nèt.

E si se pa t tan an, tankou maten an, aswè a ka moman pou Liv yo fèmen. Sonje, pap gen yon sèl ki va antre ankò kan non sa yo va rachte.

Anvan, kounye a, tout moun koute vrèman byen anvan m li Lèzekriti.

44 Tout sa ki te janm dwe rachte, Bondye te mete non yo nan Liv Lavi Ayo a anvan mond lan te janm vini nan kreyasyon an. Konbyen moun ki conn sa? Sa se Lèzekriti. [Espaces vid sou bann lan, “—Editè a.] Antikris la, nan dènye jou yo, pral sitèlman pwòch tankou se vrè bagay la, vrè Legliz la, tout bagay jis tankou Jida te ye, jouk sa ta sedui menm Eli sa si se te posib. Èske se vre? Men pèsonn pa ka vin jwenn Jezi si Bondye pa voye l, e tou sa Bondye te ba Li ap vin jwenn Li. E lè L va pran Liv sa, dènye non an...

45 Ou wè, yo tout nan aj Literyen an, Li te rale yo soti deyò. Yo tout nan aj Wesley a, Li te rale yo soti deyò. Yo tout nan diferan aj yo, ak aj Pannkotis la, Li te rale yo soti deyò. Yo bò isit la, yo pap jije avèk moun sa yo. Yo te pati nan anlèvman. E alò kan dènye non an va soti deyò, ki te plase nan Liv Lavi Ayo a, ki te sakrifye anvan fondasyon mond lan; kan dènye non sa rachte, zèv Li fini, L ap avanse pou reklame sa L te rachte a. Sa fè kè nou senyen. Men si sa t ap kontinye mil an pita, pa t ap gen yon sèl rachte.

E pèsonn pa ka rachte sof si yo te mete yo nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. Kimoun yo ye? Mwen pa konnen. Ankenn lòt pa konnen, ou wè, jis Bondye sèlman. Mwen gen konfyans ke nou chak, non nou te nan Liv sa. Si non pa m te la, mwen sèten m ap la; si l pa t la, mwen pap la. Se tou. Ou wè, senpleman, se zafè ki konsène Bondye. “Sa pa depann de sa ki vle, sa k ap kouri, men de Bondye ki fè mizèrikòd.” Ou wè?

46 Bon annou abòde Pawòl la kounye a, an tout reverans ak senserite. E mwen kwè se yon bagay nou dwe fè, ou wè. Ann sispann pakèt estipidite sa yo! Vin ak reverans, ak senserite!

Mwen remake konfesyon sa yo pafwa kan yo...Nan televizyon, kan yo conn gen reyinyon Billy Graham; se pa anyen kont Billy Graham. Men laba an Californie, nonm lan te preche on mesaj mèveye yèswa; li te preche egzakteman menm bagay ke m te preche la sa pa fè lontan, sou Danyèl, “Yo te peze w sou balans e yo te twouve w lejè tankou pay.” Konbyen moun ki te wè sa? Anpil lan nou, mwen devine.

47 Gade, èske w te remake moun sa yo ki t ap vini nan ale yo, ap manje gòm-chiklèt, ap ri, ap frape youn lòt? Sa se pa ap dirije ant Lavi e lanmò. Sa se pa regrè pou peche, ak repantans. Ou wè? Se jis sa Billy te di a, “Pran yon desizyon.” E yon konsantman, yon desizyon frèt, ak jye-sèk, pa anyen, anyen menm. Ou dwe gen regrè pou peche, epi fè demi tou.

E Billy li menm te di, "Pou pwouve sa, pamit trant mil, ou pa ka jwenn trant nan yon ane." Li te di, lòt jou, "Kisa ki pwoblèm lan avèk New York? Mwen te gen bèl reyinyon sa la, e kisa k te rive? Peche te vin pi mal ke sa te janm ye."

48 E sa va kontinye vin pi mal. Pap gen ankenn re-...repantans nasyonal. Nasyon an fini. Se jis ou menm, antan ke endividé; e byento sa ap fini, si sa pa déjà fêt. Bon, jis make sa, nou menm jenn timoun yo. Gade jouk ki kote Frè Branham...Se pa Frè Branham. Se sa m te di a si l vrè ou fo. Peche ap vin pi mal e pi mal jiskaske yon jou syèl la va pran dife, li va tonbe soutè a, e tè a va boule ak gwo chalè. Men, Rachete yo pap isi a lè sa, yo va pati.

49 Kounye a nan Liv Sen Mak chapit 11, 1 Jan 4:4 epi nan Matye 28:20, mwen vle li.

50 Bon, dabò, mwen vle li apati de Sen Mak chapit 11, epi vèsè 12 a 24.

Koute vrèman byen kounye a pandan n ap li. Epi la sa pral apiye yon ti temwayaj, ak kèk pawòl egzòtasyon, e apre sa nou va wè kisa Seyè a vle nou fè. Tout moun jis rete chita pou ap priye kounye a, pandan n ap li.

51 Mak 11:12.

Nan demen, antan yo...t ap soti Betani, li te grangou:

Depi byen Iwen li wè yon pye fig frans ki te plen fèy, ak kè kontan / al wè si / ta jwenn kèk fig frans sou li: men lè li rive kote I, se fèy ase li jwenn; paske se pa t sezon fig frans.

Lè sa, Jezi pale ak pye fig frans lan, Depi kounye a Pèsonn pap janm manje fig ou donnen ankò. Disip yo te tande sa / te di a.

Apre sa yo rive Jerizalèm: Jezi antre nan tanp lan, Li pran chase sa tout moun ki t ap vann ak tout moun ki t ap achte nan tanp lan, Li chavire tab moun ki t ap chanje lajan yo ansanm ak moun ki t ap vann pijon yo;

Li pa t pèmèt pèsonn travèse tanp lan ak bagay nan men yo.

Li t ap montre moun yo anpil bagay, Li di yo, Sa se...men sa ki ekri, pa vre, Y a rele kay Papa M nan...kay kote moun tout nasyon ka vin lapriyè? Men nou menm, nou fè I tounen yon kachèt pou vòlò.

Eskrib ak prêt an chèf la te tandé sa, e yo t ap chache kouman yo te ka detwi L: poutèt yo—yo te gen krentif Li, paske tout pèp la te etone de doktrin Li.

Lè aswè te rive, Li te pati kite vil la.

Epi nan maten, (kounye a se yon lòt jou), pandan y ap pase, yo wè pye fig frans lan seche jouk nan rasin.

Nan venn katrè, mirak la te fèt, apre Li te di I, "Pèsonn pap manje." Ta sanble, Anyen, pa t rive lè sa; men, jou apre a, li te seche.

Pyè ki vle fè sonje te di L, Mèt, gade, pye fig frans ke W te modi a seche.

...Jezi te reponn li, Li te di yo, Gen lafwa nan Bondye. Paske an verite Mwen di nou, Nenpòt moun ki va di montay sa, Deplase, al nan lanmè a; san I pa doute nan kè I, men ki kwè ke bagay sa yo li di a pral rive; li va jwenn sa I mande a.

Kidonk Mwen di nou, Kèlkeswa sa nou dezire a, lè n ap priye, kwè nou resevwa I, e nou va jwenn li.

E lè w kanpe ap priye, padonnen, si w te gen yon bagay kont on moun: pou Papa nou tou ki nan syèl la ka padonnen nou fòt nou yo.

Men si nou pa padonnen, Papa nou ki nan syèl la pap padonnen nou fòt nou yo non plis (Se sou kondisyon.)

52 Kounye a m ta renmen li 1 Jan 4:4

Timoun yo, nou se pa Bondye, e nou te konkeri yo: paske...(koute byen)...sila ki nan nou an pi gran, pase sila ki nan mond lan.

53 Èske m ka li I ankò kounye a.

Timoun yo, nou se pa Bondye, e nou te koneri yo: (palan de antikris la), paske sila ki nan nou an pi gran, pase sila ki nan mond lan.

De pwonon, ou wè, “sila” pwonon pèsonèl; “sila” ki nan mond lan, epi “Sila” ki nan nou an. “Sila ki nan nou an pi gran pase sila ki nan mond lan.”

54 Kounye a, nan—nan chapit 28 Sen Matye, epi vèsè 20 an.

Ap anseye yo pou obsève tout sa Mwen te kòmande nou:...men ni, Mwen va toujou avèk nou, menm jouk nan fen mond lan.

55 Bon kòm tèks ki soti nan sa, aswè a, m ta renmen itilize kòm tèks: Sila Ki Nan Ou A. E sou sa mwen vle bati lafwa, natirèlman, pou yon sèvis priyè. Epi osi vit ke...

56 Bon, se jan m te di nou an, mwen renmen rapòte nou evènman ki te rive. E dabitid mwen tann jiskaske m vin legliz sa—sa la, pou rakonte evènman yo. E apre sa si gen lòt ki vle tandem sa, yo ka sezi l pa mwayen bann yo. Men mwen ret tann jouk mwen isit la.

E genyen, o mwen, pou evènman sa m pral rakonte nou kounye a menm, gen dèzòm isi a ki te temwen bagay sa yo, dè frè Kretyen. Youn ki te la, se te Frè Banks Wood. Yon lòt ki te preznan, se te Frè David Wood. Yon lòt, ki te preznan la, se te Frè Evans ak pitit gason l lan, Ronald. Yon lòt te preznan, se dyak nòb nou an, Frè Wheeler. Epi yon lòt, ki te preznan, se te Frè Mann. Èske Frè Mann, ki sot New Albany, isi a? Yon predikatè Metodis ke m te batize lan Non Jezikri, jis sa pa fè lontan, li te la, tou, kan sa te rive.

57 Sa fè kèk tan, pandan kèk ane, mwen te gen yon fado pwofon sou lestomak mwen ke mwen...nan kè m. Sa te fè m santi m kòm si m te fè yon bagay mal. Mwen te sonde vi m, ankò e ankò e ankò, pou jwenn sa k pa t kòrèk la. “Seyè, si—si m te fè yon bagay mal, alò ke W jis revele m sa, sa ki pa t kòrèk la, e m te konn al mete sa annòd.” Men anyen pa t revele a mwen menm. Mwen t ap di, “Èske m te fè yon moun mal? Èske m te mete yon bagay de kote? Èske m gen...èske m li ase? Èske m priye ase?” E m te konn li epi priye. Epi—epi m te konn—m te konn di, “Revele l pou mwen. Èske m te yon moun mal, kèkpa? Si m te fè sa, m te konn mete l annòd. Jis montre m; m pa vle fado sa.” E pandan senk dènye ane yo, depi m te kite chan an, te gen yon fado pandye nan kè m.

58 M te pati al nan mòn yo. M te pati al bò lanmè. M t al tout kote, e m te priye priye priye, e sa te jis pa t vle kite. M te panse a tout bagay, si m te fè yon bagay. Men sa, sa toujou, pa t vle kite; m jis te vin, tankou, nan esklavaj.

E se trè etranj ke sa te pati jis nan moman Mesaj sa te vini, ou wè, maten an. Bon, èske se Bondye ki te retni l pou sa? Mwen pa konnen. Ou wè, mwen... Tout bagay sa yo te nan panse m. Nou ka imagine nou sa nan kè yon nom lè l dwe ajiste l avèk sa, ou wè, pou panse a sa k ap rive; epi, konnen, pou ap di moun yo, konsyan ke genyen k ap pran l mal, epi lòt pral nan direksyon *sila*, ak direksyon sa a. Nou konn kouman sa ye. Genyen k ap kwè, e genyen ki pap kwè. Men, se poutèt sa ou dwe ajiste w.

59 Kouman w ka di sa san w pa blese moun? Kouman w ka di sa, pou l ka fè efè? Kouman w ka di sa, pou montre moun yo ke w pa—ou pa vize yo, ke w renmen yo? Kouman w ka estrik epi fèm, men kanmenm nan lanmou? O, kouman w ap prezante l? Alò malè a mwen menm si m pa prezante !! Ou wè? Men ki kote w ye. Ou wè? Se pa etonan, sa mete w sou tansyon e nan tout eta w.

60 Mwen te desann soti—soti...monte soti Arizona, pou rankontre on bann frè la, ki pral lachas avè m anwo a nan Colorado, chak ane.

Bon, gen moun k ap mande, “Poukisa w al lachas? Kisa k pouse w?”

Ou wè, isit la, w ap ranpli, mwen m ap vide m; laba, m ap ranpli m, pou m kapab vide m. Ou wè? Kounye a, m pa jis ale pou pran jibye. Bon, moun yo, nenpòt moun isit la ki konn akonpaye m, konnen m konn pase bò kote dè santèn tèt betay san m pa janm menm touche yo. M pa fè sa.

61 Bon, isi a sa pa fè lontan, m te kòmanse pran jibye pou òm dafè Kretyen yo, lè m prale yo di, “Billy, vin ak yon towo pou mwen, vin ak yon bèf pou mwen, vin ak yon elan pou mwen, vin ak *sesi* pou mwen, oswa *selo*, ou se *lòtbò*.” M te konn ale epi jis pran jibye, adwat agoch. Seyè a te konn ede m pou m jwenn epi pran jibye, ak abilite pou tire, e atenn yo. Epi—epi yo menm te jis konn chita an won ap pale de biznis yo.

62 Alò Seyè a te di m pou m pa fè sa ankò. E mwen—mwen te santi m mal konsènan sa, kifè m te pwomèt Li m pa t ap fè sa ankò. Non. M te di, "Si se yon ijans pou yon moun ki bezwen I, m ap fè I. Men si yo pa bezwen I, mwen pap fè I." Mesye sa yo senpleman gen ase lajan pou achte bèf ak bagay konsa. Kidonk poukisa m dwe fè sa? Kite bèt la viv si w pap itilize I.

63 Kifè m jis te konn rete poukont mwen. E nenpòt moun, ki janm al lachas avè m, konnen m pa chase avèk moun. Mwen ale poukont mwen, pou m ka sèl. M ale avè yo, pou fratènize leswa, rete ansanm pou priye, ak bagay konsa.

Men gen anpil lòt minis la. Te gen anwo a nan mòn yo ane sa, Frè Palmer pa nou an. Mwen kwè m te wè I kèkpa sa fè yon ti...Men li, chita la, Frè Palmer. Ak on Frè ki se Bob Lambert, li te isit la maten an, m te tandem I ap rele kèkpa. M kwè li ankò isi a. Epi la te gen yon frè...de jenn gason Martin yo, m kwè yo isit la. Èske yo la, jenn gason Martin yo? Frè, lè Frè Martin. Ou te rele m lòt jou, se te byen. Jenn gason sa te geri, frè minis sa.

64 Èske w isit la, sila m te priye pou li a, nan telefòn lan, lòt jou? M blyie non I, li sot anba an Arkansas la. Madam li te rele m; nonm lan te tout anfle sou on bò, ak tanperati elve, ap mouri. Menm nonm ki te rele, anba nan—nan Little Rock, ou pito nan reyinyon Hot Spring yo, li te chita nan reyinyon an.

Li se yon kanmarad ak bèl aparans. Si I isit la, m pa kwè I ap leve kanpe kounye a, ditou. Men m blyie non I. M pa ka sonje non I. [Yon frè di, "Frè Blair."—Editè a.] Blair, Frè Blair. Yon moun...

Ebyen, kounye a, li te la nan reyinyon Little Rock la, konbyen moun ki te la, mwen vle di, nan reyinyon Hot Springs lan, konbyen moun ki te nan reyinyon an? Sentespri a te rele jenn kanmarad sa e I te di I ke dyab la t ap eseye met men sou li pou I ka rejte m, kòmkwa mwen se yon "fo pwofèt." Nonm lan te admèt ke se te laverite. Ou wè kisa dyab la t ap fè? Nonm lan pa t al wè doktè. Li pa kwè nan doktè. Men Satan te konnen maladi sa ta pral frape I, e I te ka touye I drèt la. Ou wè? Kidonk li t ap eseye fè I rejte m. E Sentespri a, nan gras Li, te rele I pou di I pa fè sa; nonm lan, te etranje, Li te avèti I pou pa fè sa.

65 Epi lòt jou swa, madanm li te rele m pou di, "Frè Branham, mwen kwè li sou pwen pati." Li te di, "Li—li tout anfle. Epi, lafyèv sou li a, soti nan tèt li, prèske." Li te di, "Dènye bagay li te di, 'Rele Frè Branham.'"

Mwen te reponn, "Èske w gen yon bagay kèlkonk, sak ou ak yon mouchwa?"

"Non." Mwen te Tucson; manzè te Arkansas.

Mwen te di, "Ou pa gen anyen?"

Li te reponn, mwen kwè, ke li gen "foula li."

M te di, "Kounye a mete men w sou foul a, epi pran telefòn lan ak lòt men an." E m te priye epi mande Bondye pou gen mizèrikòd epi repouse ènnmi sa.

66 E manzè t al poze foul a sou nomm lan. Epi maten apre a, li te rele m.

Bon, nan apeprè venn katrè, ou mwens ke sa.

67 Presye frè nou an, m pokò wè l ankò aswè a, Frè Roy Roberson. Lontan, ou konnen, Frè Roy te on jan de militè. Si l isit la, mwen-mwen espere l ap konprann, paske m-m-m pa kondane sa. Men tout bagay estrik, li te yon sèjan nan Lame, ou konnen, e ou oblige on jan abitye trete ak moun tankou yo fè nan Lame. "Ebyen, bagay espirityèl sa yo se pou lòt moun," pa pou li! Men Seyè a te epaye l. Li te ka mouri; yo te konsidere l kòm mò, pandan trè lontan. Seyè a te geri l; li se yon disip depi lè a. Men tout bagay espirityèl sa yo, li pa t konnen yo, ak vizyon yo.

68 E sa pa fè lontan isit la, anpil moun okouran de vizyon ki te bay a Frè Roy anvan menm m te pati laba, konsènan li menm ki te wè m kanpe sou montay la laba, nan Limyè sa, e yon Vwa ki te vin de mwen. Sa te wete tout dout soti nan Frè Roy.

69 E nwit pase a li te frape a yon pwen tèl jouk li te tèlman malad, ak on lafyèv ki te monte tèlman wo, ak bagay konsa. Doktè a te ba l medikaman, tout bagay, men sa pa t fè anyen. Li te menm rive nan yon pwen kote li pa t ka menm bouje kò l ankò. Janm li ak bagay konsa te, tankou, paralize.

70 Pòv ti frè, yon ekla obi te dechikte l, yon modèl katreven-uit, modèl Alman katreven-uit. E se—se te jis...Mwen kwè tout ekip la nèt te mouri, eksepte li menm, e la li te dechikte an pyès.

71 Nou konn sa k te rive? Mwen te di madanm nòb pa l la, Sè Roberson, pou...Manzè te di...Mwen te mande, "Ou pa gen anyen la?"

72 Li te reponn, "Mwen gen yon mouchwa ke w te priye sou li yon fwa."

73 "Al chache l." E mwen te Tucson, e li te poze men l sou sa, e m te priye epi reprimande, pou di, "Sè Roberson, sa pral fè wout li."

74 Yon Bagay te jis di m la, "Sa pral fè wout li. Di sa!" E anndan yon demi è, lafyèv la te pati; li te nan kizin lan, ap chache on bagay pou manje. Ou wè? Ou wè?

75 Sa m ap eseye di, "Piga w janm pèdi konfyans ou." Piga w kite Satan di w mechanste konsènan mwen; paske, genyen plis. Men kenbe konfyans sa; paske, si w pa fè sa, sa pap rive. Piga w met jye w sou mwen, antan kòm; mwen se yon nonm, m chaje ak defo. Men konsidere sa m ap di apwopo de Li. Se Li. Se Li Sila a.

76 Pandan nou te nan Colorado, ou wè, pandan nou te anwo laba, nou te retounen. E li te fè vrèman sèk. Jibye yo te ra. Frè Wheeler li, Seyè a te beni l e Li te ba l yon-yon bèl twofe, e nou te sitèlman kontan pou sa. Se te premye fwa li te janm al nan Bwa pou fè lachas, e Seyè a te beni l. E la mwen te tire yon gwo twofe ke m t ap trake depi ventan, m t ap obsève l, Frè Banks avè m t ap chache l depi byen lontan. E kan m te pran l...M te tire ak fizi m nan peyi cho sa, ke m te mennen anwo a nan fredi, sa te gonfle chajè a, menm si l te fèt an vit. E li te tire kèlke pou a kote, pou l te atenn bét la, ki te kanpe ant pyebwa yo, sa pa t posib pou w te atenn li; sa te pi ba ke sa, sa ki t ap touye bét la nan yon segonn. Men sa te atenn li sitèlman wo, li, li te sote tankou l te tonbe konsa.

77 Billy te avè m, e l te di, "Sa atenn li." E m te panse sa te atenn li, tou; men kan n te ale la, se pa t sa. Li te di, "Ou te frape yon pyebwa." M te gade anwo kòm anba, pa t gen ankenn mak sou pyebwa a. Alò, m te pati al chache l.

Alò men yon siy avètisman ki te parèt. Te gen pratikman san moun, jis pi wo nou. Epi Frè Palmer avèk yo te temwen sa. Frè Evans, se vre, li te la; Frè Welch Evans, ak ptit gason I lan, Ronnie. M kwè m te voye men ba yo, sa pa fè lontan. On pakèt moun te al anwo a pi wo nou, kote yo rele kan bèf la anwo a la, kote cowboy yo rete pou ap siveye, ap gade bèf yo separe. M te konn abitye rete nan kan sa mwen menm pou ap mennen betay sa yo separe apa.

78 Alò, kifè, la, te gen apeprè on santèn dòm. Men yo chak konnen, nan peyi sa, lè yo anonsé yon bliza move tan, ou ta fè mye chape poul ou touswit. Se poutèt sa Frè Palmer ak lòt yo te pati bonè, paske yo te gen sèlman yon kamyon-twa-vitès, yo te oblige kite plas la; paske, ak chanjman tanperati, si w la, ou ka rete pri pandan dè semèn. Kifè yo te di, "Gen yon bliza k ap rive," se te nan anons, jounal, radyo. Chay apre chay, pratikman tout bagay anwo a la toutotou te met deyò. Yo te pati, touswit, paske yo te konnen yo te dwe pati kite la.

79 Men frè m yo te gen de lisans pou chase sèf, e yo—yo pa t vle ale. Kidonk, mwen—mwen te di, "Bon, n ap rete." Men, mwen te gen yon reyinyon k ap vini, nan apeprè sis jou, epi mwen te oblige retounen Tucson.

80 Kidonk, ti madanm mwen an, mwen...nou gen venndezan maryaj. E depi ventan, lè anivèsè maryaj nou, mwen te konn monte la a tout tan; sa jis rive ke m te vizite la a. Kidonk, mwen—mwen te gen yon ti kote ke m te konn toujou al lapriyè, epi li te sanble yon kote ke m te mennen l.

81 Ou konnen, mwen te fè yon ti bagay byen senp, ou konnen, mwen pa t gen ase lajan pou m te al nan yon vwayaj lachas pou lin de myèl mwen, kidonk mwen—mwen—mwen te mennen madanm mwen nan yon vwayaj lachas pou lin de myèl la. Konsa, nou te al New York, epi mwen sonje jan ke m te ede l janbe mòso bwa yo ak bagay sa yo, pou n te rive yon kote. Epi m te gen yon ti kote nan espas sa, mwen toujou panse a li pou anivèsè maryaj nou. Venntwa oktòb se lè sezon an louvri la a. Epi, depi ventan, m pa t konn lakay mwen, m te toujou anwo a la a.

82 Kidonk jou sa a se te anivèsè maryaj nou. Epi Frè Mann... M te di: "Kounye a si noumenm frè yo..." M te di, osekou dife, jou maten sa a, "Kounye a si..." Jou swa sa a, pito. "Si nou tout

vle rete kounye a, sonje, nou ka ret isit la pou yon mwa." Paske mwen te wè ven pye nèj tonbe nan jis yon ti bout, nwit. Jis, ou te jis ka al laba a, epi w jis byen sèk e byen pwòp ; epi nan denmen maten, nèj la te gen pwofondè sa a, anlè a, petèt kouvri anlè tèt tant ou a. Apre sa m te di konsa ... Epi Lè sa a, w ap rete la jouk sa a fonn. Kidonk ou a anviwon kenz a ven mil nan dezè a. Epi Lè sa a, m te di ... Epi si vin gen ijans, sètènman, y ap voye elikoptè epi fè w soti. Men, anjeneral, yo jis... p ap gen moun peri, yo jis oblige rete tann la a.

83 Kidonk tout moun jete yo osito ke yo tandé anons radio sa a, yon previzyon meteyo, pito. Konsa nou te laba a, epi m te di, "Kounye a, pran desizyon w. Si w vle rete, mwen la pou m al lachas avèk ou, e m ap rele madanm mwen pou m di l: 'Bòn anivèsè!'" Men, mwen te di: "Alò, pou sa, mwen pral, mwen pral, nou pral... Nou pral chache kèk pwovizyon, ' paske nou ta dwe rete isit la." pen nou te fini, lè sa a. Epi mwen pa vle wè krèp flapjack sa yo ankò pou yon bon bout tan, krèp sa yo! Epitou, mwen te pase venteyen jou a p manje yo nan Kanada, pou apeprè venn jou, e vant mwen sètèneman te plen ak bagay sa yo. E kounye a mwen te vle gen kèk pen.

84 Alòs yo te jis di ke yo vle rete. Konsa pa t 'gen anyen lòt pou fè ke ... rete. Men frè Mann avè m te soti, e nou te desann la epi n te achte kèk provizyon. Apre sa mwen te rele madanm nan, e telefòn nan pa t reponn. Pèsonn pa reponn; konsa, mwen te tann apeprè inè jouk nou te fin fè provizyon yo, retounen, rele, li pa t reponn. Apre sa, mwen te oblige rele Sè Evans. Mwen kwè ke Sè Evans isit la . Epi m te di... Ya, Frè Evans, Sè Evans isit la.

85 Se konsa ke m te rele Sè Evans, paske frè Evans, epi mwen te di li. Li te di: "Mwen pral rele Sè Branham epi m ap di li." Yon "Bon anivèsè," natirèlman, ou konnen. men li te soti al achte, pou fè kèk pwovizyon pou timoun yo. Epi answit nou tounen. Nan denmen maten, se te sèlman nyaj ki te gen nan syèl la. Lapli pa t tonbe anwo a pandan tout sezón lotòn nan, epi li te vrèman sèch. Ebyen, yo te oblige pwolonje sezón lachas la, kèk jou anplis, akòz sechrès la.

86 Bon, mwen te di frè yo jou maten sa a, "Kounye a, premye gout lapli ki kòmanse tonbe, premye nèj la, premye lapli vègla a, nenpòt ki bagay la, kouri al nan kan an ak tout fòs nou jan nou kapab, paske nan lespas kenz minit ou pa p ka wè men w devan w. Ou wè? Epi li pral

jis toubiyonnen e soufle, epi mwen pa fè ka kòman ou konn peyi a byen, ou - ou pral ret la, epi ou pral peri. Paske pafwa ou pa menm ka respire, nèj glase a ap soufle tèlman, epi, w ap mouri la menm. Epi m te di, "osito ke vègla sa a kòmanse ak lapli vègla sa a, kouri al nan kan n ak tout fòs ou jan w kapab la, M pa bezwen konnen ki kote w ye a."

87 Ebyen, mwen te di, "Monte anwo a la a epi rete nan ravin sa yo, apre m ap monte byen wo epi m ap woule wòch sou ti mòn lan, ak lòt bagay, pou fè sèf yo pè anlè nèt la, epi fè yo kouri desann, ou va chwazi sa w vle a."

88 Konsa mwen te kòmanse monte byen wo, epi nan moman ke m t ap rive kote nou rele, "sèl chwal la," yon ti kote laba a ke m toujou travèse pou ale nan yon plas ki rele "Bouton Quaker," jis sou Liy Divizyon Dlo yo la a, pi wo a. Men, lè mwen te rive prèske kot ti sèl chwal sa a,... nyaj yo vin de plizanpli nwa. Yo pa t kite yon machin, se te jis noumenm anwo a, osi lwen...epi Cowboy ki kan an. Kidonk li te vin—te vin deplizanpli anpire. Konsa, nan kèk minit, lapli te kòmanse tonbe. Bon, mwen te pran zam mwen an, mwen mete l anba manto m, anpeche ke bouch kanon an fè lafimen, epi—epi pou kwòs la pa mouye; si w rankontre yon lous oswa yon lòt bagay, an retounan, konsa mwen-mwen te kenbe bouch kanon m nan konsa epi m te rete anba yon pye bwa, yon ti moman. Epi m te rete la a, e m t ap lapriyè. Mwen te di: "Seyè Bondye, ou se Gran Jewova a, e mwen renmen W."

89 Ki kantite eksperyans ke m te fè! Mwen te montre frè yo, Frè Palmer ak lòt yo, plas yo. Kote ke, èg lan, ou konnen, mwen te wè l soulve monte jou sa a, ou konnen, e kouman... Se nan lye sa yo kote tout bagay la te rive. Bagay sa a se yon pasyon pou mwen, nan kote sa a. Mwen te fè anpil eksperyans ekstraòdinè ak Senyè a, nan mòn sa yo. Kidonk ou jis pa ka ale la san w pa wè L; Li jis toupatou.

90 Konsa lè sa a alò ke M—mwen te chita la a, ebyen lapli glase a te kòmanse, e van an t ap toubiyonnen, konsa. Epi mwen te di, "Oke, mwen konn wout pou desann nan, men mwen fè mye kite la a san pèdi tan." Kidonk, mwen te di...

91 M te gade anba, e mwen pa t menm kapab wè pwondè yo ankò; yo nyaj sa yo te jis ap toubiyonnen ak zigzagze, epi lapli glase a t ap soufle. Epi men I te la a, tanpèt la! Meteyo a te predi plizyè jou de sa, "Yon gwo tanpèt nèj t ap vini!"

92 Frè Tom isit la. Frè Tom Simpson, ki sot Kanada, te tandem previzyon an, epi yo te konseye I pou I pa ale nan zòn sa a nan peyi a, paske previzyon sa a te di, " Pral gen yon tanpèt nèj la a." Kote w frè Tom? Mwen panse ke, ya, jis la a. Epi li... tanpèt nèj la t ap vini! Tout moun te déjà prepare pou li.

93 Ebyen, mwen remèt zam mwen an anba chemiz mwen, konsa, chemiz wouj mwen an, m te kòmanse desann mòn nan. Epi alò ke m te kòmanse, mwen te apeprè yon demi mil de sèl chwal la; epi, o, lala, gwo gout nèj yo, tankou sa a, epi van an ap tòde moute, anwo mòn sa a, ap soufle. Mwen pa t 'kapab wè pwofondè a ankò. Mwen te kab wè anviwon ven pye devan m, oswa trant. Apre sa mwen te konnen pou m desann ti sa ke n te rele, "do yon ti kochon," yon ti pik, apre sa m te konnen pou m swiv ti sous dlo a, epi kote pou m ale, si tan an vin vrèman move.

94 E konsa mwen te kòmanse desann, epi m te ale nan anviwon mwatye wout la, epi yon bagay te di m, jis osi klè ke w tandem m, "kanpe, epi retounen!"

95 Ebyen, m te panse: "De kisa m t ap panse? Petèt se jis nan tèt mwen." Epi m te jis pa t 'kapab fè yon lòt pa annavan.

96 David te prepare yon sandwich pou mwen jou maten sa a, e mwen panse ke li t ap eseye tire revanch sou mwen paske m te prepare youn pou papa I, yon fwa, ak zonyon epi siwo myèl, se tout sa n te genyen. Kidonk, li te prepare youn ak sosis , o, m pa konn ki kalite bagay, ki te vlope ladann! E m te mete I anba chemiz mwen, epi li te fin mouye atravè chemiz mwen. Mwen te panse, "M pral jis kanpe epi manje sa a, e petèt mwen pral ... sa pral byen ale apre." Kidonk mwen te rale sandwich la, li te anviwon dizè, epi m te kòmanse manje sandwich la. Epi pandan m t ap manje sandwich la, m te panse: "Kounye a, m pral anfòm." Apre sa, mwen te kòmanse avanse, men yon bagay te di, "Tounen kote w soti a!"

97 "Retounen nan tanpèt sa a, yon demi mil oswa plis tounen monte mòn lan, nan bwa fènwa sa a?" Kote ke w, ou ka, difisilman lè sa a wè pa pi lwen ke òg sa a! Mwen komanse vin yon granmoun, epi kounye a sa te gen tranntwa lane depi ke m te kretyen; e mwen konnen, kenpòt sa I ye a, jan ke I parèt ridikil, fè atansyon a Senyè a, fè sa Senyè a di.

98 Apre sa mwen te retounen ale nan sèl chwal la, m santi m sou wout ap tounen. Oh, lagrèl la ap vin de plizanpli difisil; li te vin fè de plizanpli nwa. Epi m te chita la a, e m jis monte manto m konsa, oswa chemiz m sou bouch kanon an ankò; m te chita. Mwen te panse, "Kisa m ap fè la a? Poukisa m ta dwe retounen anwo a la a?"

99 Apre sa mwen te jis tann kèk minit. Epi m te kòmanse monte ankò, e jis osi klè ke m ta janm vle tandem, yon Vwa te di, "Mwen se Kreyatè syèl la ak tè a! Mwen kreye van yo ak lapli." M te retire chapo m.

100 Mwen te di: "Gran Jewova, eske Se Ou?"

101 Li te di: "Se mwen menm ki fè van yo sispann sou lanmè a. Se mwen menm ki fè vag yo desann. Mwen te kreye syèl la ak tè a. Èske se pa Mwen Menm ki te di w pale ak sa yo, pou ekirèy yo, epi yo vin a legzistans? Mwen se Bondye."

102 Ebyen, lè yon vwa pale avèk ou, obsève Ekriti a. Si I pa eskriptirè, kite I tankil; Mwen pa fè ka kijan I klè, rete lwen li.

103 Mwen te di: "Wi, Seyè."

104 Li te di: "Pale ak van sa yo ak tanpèt sa a, epi I prale." Kounye a, Bib sa a depoze devan m lan, e lavi m ladann.

105 Mwen leve kanpe, mwen di: "Mwen pa doute ke se Vwa Ou, Senyè." Mwen te di, "Nwaj, nèj, lapli, vègla, mwen pa aksepte pou n vin la a. Nan non Jezikri, al kote n rete! Mwen di ke solèy la dwe soti imedyatman epi klere pandan kat jou, jiskaske vwayaj lachas nou an fini epi m kite la a ak frè m yo."

106 Se te jis yon devèsman, li te jis fè, " Whoooossssh , " konsa. Epi li te kòmanse ale, li fè: "Whoosh," epi li ale, "fyou, fyou, fyou, fyou ." Li te rete!

107 Mwen te rete byen trankil. Frè m yo anwo a la a, yo t ap mande sa ki t ap pase. Epi vègla a, lapli a te rete. Te gen yon van ki t ap toubyionnen desann atravè mòn yo, li te soulve nwaj yo, epi yonn te al nan direksyon sa a; lès, nò, Iwès, epi sid. Epi, nan kèk minit, solèy la te byen klere epi cho. Sa se Laverite! Bondye konnen ke se Laverite!

108 Mwen jis te kanpe la a, jis gade toutotou; retire chapo mwen, ap gade. Mwen...Ou di...Mwen te angoudi, toupatou.

109 Mwen te panse, "Bondye Kreyasyon an, tout bagay nan men I. Kisa L ap di m?

110 Apre sa, mwen ranmase zam mwen an, siye bouch kanon an, mwen te kòmanse ap tounen, m desann ti mòn lan. Epi yon bagay te di m: "Poukisa w pa mache avè m nan dezè sa a, mache avè m?"

111 M te di: "Wi, Senyè, ak tout kè m; se ta youn nan pi gwo bagay kem te kab fè, se te mache avèk Ou." Kidonk, mwen mete zam mwen sou zepòl mwen, epi mwen te kòmanse travèse sa a; pa janm mete yon rach ladan I, yon forè vyèj, m ap travèse la a.

112 Epi pandan m t ap fè sa, pandan m t ap mache, ap dessan nan santye jwèt sa yo, m te kòm santi, "Mwen kwè m pral monte kote ke...yè se te anivèsè nou, epi m ap kanpe la a jis kèk minit; jis pou salye Meda, kote ke gen yon ti touf pye pepliye tranblan, sou yon ti mònn. Epi m te di, "Mwen kwè mwen pral monte la a, jis kòm yon salitasyon pou anivèsè nou an. Apre sa, mwen pral tounen desann pa lòt bò a, nan bwa sonb sa yo, epi m ap mache ozalantou a, nan direksyon Corral Peaks, epi tounen desann nan chemen sa a." Jis ap mache e ap rejwi.

113 M t ap di: "Papa, mwen konnen w ap mache avè m. E ala yon privilèj; pa gen pèsonn pi gran ke m ta ka ap mache; Bondye a menm!" Ak solèy cho sa a!

114 Menm lè m' soti nan mòn sa yo. Mwen te rete nan estasyon gaz yo, epi mwen te di, "Bèl jounen!" Twa jou apre. Lapli pa janm tonbe nan zònn sa a nan peyi a jiskaske kat jou yo te

fini. Solèy la te klere chak jou. Pa vre, frè m yo? [Frè yo di: "Amèn." — Ed.] Ou wè? E pa menm yon nwaj nan syèl la.

115 Apre sa, mwen kite estasyon sèvis la, mwen te di, "Sèten se yon bèl jou." "Wi, se vre!" Mwen te di, "Li Te sèk anpil."

116 Li te di: "Se yon bagay etranj!" Anplwaye sa a te di, li te di, "Ou konnen, yo te di nou nou pral gen yon gwo tanpèt, men toudenkou li te sispann!"

117 Mwen desann, sou liy New Mexico a. Billy ak mwen, ptit gason m nan, nou te ale nan yon ti kote la pou nou pran kèk... jou maten nou te kite a, epi m te di, "Se vre se yon bèl jounen."

"Wi, se vre!"

Mwen te di, "Sanble ke l te trè sèk."

"Wi, se te vre!"

Mwen te di: "Eske w se moun bò isite la?"

118 Te di, "Non, mwen soti Wisconsin," oswa yon kote.

Li te di, "Mwen te bò isit la anviwon ven lane, kidonk mwen devine ou ta ka rele l lakay ou."

119 Mwen te di, "Mwen kwè w se yon natif natal."

Konsa, mwen te di, "Wi, mesye,"

mwen te di, "sanble ke te gen anpil pousyè."

120 Li di: "Ou konnen, bagay ki pi etranj lan te rive!"

Li te di, "Nou te gen yon previzyon ke nou ta pral gen yon tanpèt nèj, anpil nèj; epi an reyalite li te kòmanse, epi apre sa sispann!"

121 Mwen te di: "Ou pa di yon bagay konsa," epi li tèlman kalm.

122 Epi mwen rantre lakay mwen. Epi Frè Tom te di ke yo te di I pa ale nan direksyon sa a, yon tanpèt te pase. Epi I te travèse tout peyi a, san yo pa t menm gen yon ti farinay lapli oswa anyen menm! Li se toujou Bondye, ou wè, menm jan ke I te toujou ye a. ou wè?

123 M t ap monte anwo a, m t ap mache...Koulye a, pati sa a, mwen espere ke madanm mwen pa jwenn bann sa a. Ou wè? Men m pral di w yon bagay. Epi, kounye a, mwen—mwen pa di nou...M ap jis di nou Laverite, ou wè, e se sèl fason pou fè sa. M te souvan mande m poukisa li pa t plenyen difèt ke m ta pral nan vwayaj sa yo jou anivèsè nou an. Ou konnen kisa m te gen nan tèt mwen? Mwen te di, "Gen anpil moun nan kay la. Kidonk mwen toujou, nou konn ki jan m ke m sou lènè. Epi tout sa m ke m di, ke m vle di, se Bondye, Bib la, oswa yon bagay konsa. Petèt li jis panse se yon ti repo pou li. Li fè m pati pou kèk jou, pou m al lachas." Mwenmenm, m ap panse a sa amwatye, pandan m ap mache la a.

124 Sa a, mwen...mwen, m ap mande I eskiz, epi mwen—m ap mande Bondye pou I padone m pou panse sa yo. Paske, mwen t ap ale la a, mwen te panse, "Bon, li panse ... Bon, Oh mezanmi ! Li, li se yon travayèz, ou konnen, e—epi tout tan nan kwizin nan oswa yon kote deyò a nan ..."

125 Epi nenpòt nan nou konnen I, machin a lave sa a ap mache tout tan. Kidonk pou m ta soti avè I, mwen ta dwe rale I; M te di: "Pa pede ap lave konsa. Pale avè'm. Gade, mwen renmen w. M vle pou di m yon bagay; di m ou menm tou."

126 Li te di, "Bon, ou konnen ke renmen w tou," epi retounen al lave pi rèd ke jan I te toujou fè I la.

127 "Mwen pa vle w fè sa. Mwen vle w vin la a epi chita bò kote m."

128 "O, Bill, mwen tèlman gen travay pou m fè!"

129 Epi m te panse: "Bon, ou wè, lè I monte la a, li gen tan pou I fè travay li." Ma p mache la a, m ap panse a sa. Koulye a, sonje, mwen te depoze Bib sa a la a pou ka wè ke m devan Pawòl la. Pandan m t ap mache la a, yon bagay te rive m. Mwen te komanse...

130 Premyèman, m t ap panse ak lè m te mennen I la a nan lin de myèl. Li te yon bèle ti jenn fi, ak cheve I nwa, je I mawon, epi mwen t ap soulve I pou janbe gwo mòso bwa sa yo, ou konnen, ak tout bagay sa yo, epi m t ap eseye fè I monte la a, kote sa a ke m te touye kèk lous. Epi mwen te vle montre I youn, e konsa... ki kote m te jwenn lous sa yo. E I te met bòt Cowboy mwen an. Epi sa a se te anviwon venndezan, oswa venteyennan anvan sa; venndezan, mwen kwè se te, lè sa a. Nou te marye an 1941. Epi mwen t ap soulve I, pou janbe mòso bwa sa yo.

131 Epi m te panse: "Koulye a, pòv ti madam, k ap sipòte m nan, li fin blanchi ." Ya. M te panse, "Ebyen," epi m te fè, "Henm!" epi mwen pa t fè bab mwen depi kèk jou, epi mwen te dekouvri ke m te blanchi, tou! Epi m te wè bab mwen t ap pouse la a, tou blan, epi m te panse, "Vye gason, ou prèske fini kounye a. Ou wè, ou menm, ou pral fè nenpòt sa I ye a, ou fè mye depeche w. W ap fin granmoun, tou." Ou wè?

132 Epi pandan m t ap mache konsa, yon bagay te rive. Toudenkou, nan chak mouvman, an prensip, mwen te yon ti gason, mwen te panse tankou yon ti gason. Apre sa, m te gen tèt mwen bese, epi m te gade anlè. Epi jis osi klè ke m te janm wè I, men I te kanpe devan m ak bra I yo louvri. Epi m te kanpe; fwote figi m. Mwen gade. M te di, " Meda, èske se oumenm, cheri?"

133 Mwen te gade la a, e m te panse, "Kounye a, kisa k te rive?" Apre sa m te panse, "Wi, m ap mache avèl L." Men sa te chanje lè sa a, mwen te retounen yon vye granmoun ankò, e vizyon an te disparèt devan m.

134 Epi mwen te kanpe; Mwen te wete chapo m ankò, mete I sou kè m. M te di, "Jezi, kè m te tèlman gen fado, pandan plizyè lane. Mwen pa oblige di w ke m te gen fado. M te repanti, m te repanti, mwen te fè tout sa m konnen. Epi poukisa ke fado sa a pa kite m?

135 Epi mwen te jis fèk kòmanse mache. Epi pandan m t ap monte ti mòn sa a, jis apepre trant, karant mèt devan m; Mwen te kòmanse monte ti mòn sa a, m kòmanse santi m vrèman feb. Apre sa, te gen yon ti pepliye tranblan, apeprè dis pou, ki parèt la a e I te gen fòm tankou yon L, epi li te kontinye monte. E jis pandan m t ap rive la a, mwen te santi m tèlman fèb ke m

t ap tranble. Konsa mwen jis... Mwen jis met chapo m ankò. Epi m jis apiye tèt mwen sou sa; sa te jis fè m du byen, pou m apiye tèt mwen jis sou peplie tranblan sa a. Se vrèman yon peplie tranblan. Se kouwè ke, li ta sanble ak yon Boulo, ou wè. Epi se yon... M te apiye m la a. Epi m te jis kanpe la ak tèt mwen bese, solèy cho sa a frape m 'nan do. Kidonk mwen panse, "Se Bondye menm ki te chase lapli ak van sa a!"

136 Epi m te tandé yon bagay ki t ap fè: "tap, tap, stap."

137 M te panse, "Kisa sa ye? Dlo a te seche nèt. Solèy la soti. Kisa son sèk sa a ye?" Mwen gade anba a; se te dlo nan pwòp je m ', ki pase atravè bab blan an a epi tonbe sou fèy sèk yo ke Bondye te cheche yo, ki blayi devan m nan. Mwen te jis kanpe la konsa, jis apiye sou pye bwa a. Men m, men sa a desann, tèt mwen apiye sou pye bwa a, men m sou lans fizi a, jan sa a, m te kanpe la a, ap kriye.

138 Mwen di: "Bondye, m pa diy pou m Se sèvitè w." Apre sa, m te di, "Mwen, mwen dezole, mwen—mwen te fè yon... mwen te fè anpil erè. Mwen pa t vle fè erè, Seyè. Ou te tèlman bon pou mwen."

139 Je m te fèmen. epi m te tandé yon bagay ki t ap fè, "stomp, stomp; stomp, stomp."

140 Mwen leve je m, epi twa sèf te kanpe devan m. Apre sa, mwen te panse, "Men pa frè Evans la, pa frè Wood la. Epi men twa sèf yo, ou wè, jis sa m ap chèche a." Kounye a, lapli a te cheche; Mwen te pran fizi m. Mwen te di, "Mwen pa ka fè sa. M te pwomèt Bondye ke m p'ap fè sa." Ou wè? "M te pwomèt li mwen p'ap fè sa."

141 Epi gen yon bagay ki te di m: "Men men I la a!"

142 Epi m te panse: "Wi, Sa...Se sa yon—yon nonm te di David, yon fwa, 'Bondye te livre I, m te vle di, nan men ou!'" Ou konnen, wa Sayil.

143 E Joab te di I, li te di "Touye l'! Men I kouche la a!"

144 Epi li te di: "Mande Bondye padon pou m ta touche wen li a."

145 Epi sèf sa yo te kanpe la a yo t ap gade m. Apre sa m te panse, "Yo pa ka sove. Pa gen okenn fason pou yo sove. Yo pa t a trant mèt de mwen. Epi m te pran fizi sa a, m te kanpe la a, epi men twa sèf la a. Non, mwen pa ka fè l. Mwen—mwen jis pa ka fè l." Se te yon femèl sèf ak de gwo jenn sèf. Konsa, mwen—mwen—mwen jis pa t 'kab pran fizi a. M te di, "M pa kapab." Mwen—mwen pa t janm deplase. M te jis rete la a. M te di: "M pa ka fè sa, ' paske m te pwomèt Bondye ke m pa t ap fè sa. Detoutfason, frè yo, yo—yo pa bezwen sèf sa yo. Ou wè? Mwen—mwen pa ka fè sa. Mwen jis pa ka fè l."

146 Epi sèf femèl sa a vini, li te avanse. Kounye a tandem, te gen yon santèn gason ki t ap tire sou yo la a, depi kat oswa senk jou. Eske sa pa fè pè? Premye siyal wouj la...Epi m te gen yon chemiz wouj sou mwen, yon kaskèt wouj. Premye siyal lan, yo te ale; men yo te kanpe la a, yo tou lè twa, yo t ap fikse m.

147 M te di: "Manman, pran ti bebe w yo epi kontinye wout ou nan bwa a. Ou sou kont mwen. Mwen...Lavi w nan men m, men mwen pa pral fè w sa k mal. Mwen te pwomèt Bondye ke m p ap fè sa." Ou wè? Epi l te avanse pi pre. Li ta gade m. Yo tout te avanse pi pre, si tèlman pre ke yo te ka preske manje nan men m. Yo, epi van an soufle jis sou yo. Kidonk li te vire, li te rekile yon ti kras, yo tou lè twa.

148 Epi men l tounen ankò, li te mache dwat sou mwen. Mwen pa janm deplase; m te jis kanpe la. M te di: "kontinye al nan bwa a; Mwen renmen li, tou. al viv! Ou wè lavi w nan men m, men m pral epanye w. Ou pa t 'kab sove. Ou konnen ke w pa t 'kapab." M ka touye tou lè twa nan jis apeprè yon segond, twa segond, nenpòt kòman, jis osi rapid ke m te kab tire; epi yo pa t 'kab sove, yo te jis kanpe bò kote m nan. Ou wè? Apre sa, m te di, "Mwen epanye w. Kontinye, viv." Epi m te kanpe la a. Yo te al pouswiv chemen yo, yo te randre nan forè a.

149 Mwen siye figi m konsa, e jis nan moman sa a, yon bagay te rive. Yon Vwa te pale, jis osi klè, ki sot nan syèl ble yo, pa menm yon nyaj. Tou sa te pase nan jis ... jis yon ti kras tan. Epi yon Vwa te pale, li te di: "Ou te sonje pwomès ou a, pa vre?"

150 M te di: "Wi, Senyè."

151 Li te di: "Mwen pral raple M pa M lan tou. 'Mwen p'ap janm kite w, ni abandonen w.'" Fado a te kite kè m. Li pa te la depi lè sa a; se pou l pa janm la ankò.

152 Apre sa mwen vin Tucson. Bagay ki etranj, pa t janm gen anpil bagay ki rive, depi mwen te desann nan. Mwen—mwen kwè se Bondye ki te prevwa moman sa a. Mwen kwè lè a rive kounye a, paske yon bagay dwe fèt.

153 Si sèlman nou te kab resevwa Verite sa a! Kounye a jis yon moman. Si sèlman nou te kab reyalize sa ekriti sa a vle di,

"Moun ki nan nou an pi gran pase moun ki nan mond lan."

Nou pa ka konprann Sa, men nou di nou kwè Li. Epi nou konnen Se vre, men nou reyèlman pa konprann Li.

... moun ki nan ou a pi gran pase moun ki nan mond lan.

Ki sa ki nan ou, ki pi gran an? Se Kris la, Wen an! Bondye, ki te nan Kris la, nan ou.

"Moun ki nan ou an pi gran pase sila ki nan mond lan."

154 Kidonk si L nan ou, se pa oumenm k ap viv ankò, se Limenm k ap viv nan ou. Ou wè? Se pa panse w, sa ke w ta panse de sa; se sa Li te di de sa. Ou wè? Kidonk si Li nan ou, li absoliman pa ta nye sa L te di a. Li pa t kab fè li. Men Li ta kenbe sa L te di a, epi L ap eseye jwenn moun sa a pou L ka jistifye l atravè Li.

155 Kounye a, sa pa vle di ke L dwe fè sa pou tout moun. Nan epòk Moyiz te kondwui pèp Izrayèl la, te gen yon sèl, ki te Moyiz. Rès yo jis swiv Mesaj la. Ou wè? Gen kèk nan yo ki te eseye leve pou imite l, e Bondye te di, "Separe w," epi jis aneyanti yo. Ou wè? Ou wè?

156 Kounye a, men: *"Moun ki nan nou an pi gran pase sila ki nan mond lan"*,

Bondye nan nou, menm jan L te nan Jezikri. Paske, sa tout Bondye a te ye, Li te devèse nan Kris la; e tout sa Kris la te ye, li te devèse nan Legliz la. Ou wè, sa a se Bondye nan ou, *"Moun ki nan ou a."*

157 Li pa etonan ke van yo ak vag yo te obeyi L, te obeyi a Pawòl Li yo; obeyi Pawòl Li yo, paske se te Pawòl Bondye atravè Li. Li te yon Nonm; men Li te Pawòl la, ki te fèt chè. Wè? Epi lè L te pale, se te Bondye ki tap pale atravè bouch on imen. Wè? Li pa etonan ke van yo ak vag yo... Kreyatè a menm, ki te kreye van yo ak vag yo, te nan Li. Kounye a, panse a sa! Panse byen kounye a, anvan ke m vin nan moman sa a pou m fini. Li pa etonan ke demon yo te paralize pa Pawòl sa a! Se te Bondye nan Li. Se te Bondye nan Kris. Demon yo te paralize. Li pa etonan ke mò yo, ki te tounen nan pousyè, pat ka rete la a, nan Pawòl Li! Paske, Li te Pawòl la.

Li te di Laza, apre ke I te mouri e ke I te santi move, kat jou; figi I, nen I, te tonbe, nan peryòd sa. "Laza, soti deyò!" Epi yon nonm, ki te mouri, leve sou pye I. Poukisa? Se te Bondye. Li menm ki te nan Kris se te Bondye. Mò yo pat ka rete nan Prezans Li. Se te Bondye nan Kris.

158 Van yo, kounye a, sonje, Bondye kreye van yo, se lè. Bondye kreye vag yo; se dlo. Men lè dyab la antre nan yo, li boulvèse yo, pou pwodui destriksyon. Bondye kreye lèzòm, pou yo sa dè fis de Dye, men lè dyab la antre nan yo, wè, se pwoblèm. Kounye a, se te dyab la ki te antre nan van yo ki te deklanche tanpèt sa a. Èske Kreyatè a, ki kreye van an, pa ka di: "Tounen kote m te kreye w"?

Èske se pa menm Kreyatè a ki te kanpe sou kolin Colorado a lòt jou a? Wè?

Èske se pa Limenm menm ki te ka pran on mòso pwason epi kase li epi fè yon lòt mòso pouse? Li pat oblige gen sa a. Li te ka pwononse I.

Èske se pa menm Kreyatè a ki kreye ekirèy? Alò, Limenm ki te nan Kris, Li nan nou, wè, paske Li fè menm zèv yo ke L te fè, menm bagay la.

Mò yo pat ka rete nan Prezans Li, nan Pawòl Li.

159 Gade, nou gen senk atestasyon otantik, moun ki "mouri", epi Seyè a kap bay vizyon, epi ki ale vè yo epi ki resisite yo. Men youn ki chita, la a kounye a, ki te mouri jis la a kote li chita la a. Epi men li vivan, aswè a; li te tonbe ak on kriz kadiak. Men madanm li, on enfimyè.

Nou desann; tout bagay te ale, je l te imobil, epi ale. Men li, vivan. "Paske Lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun ki pou lemonn yo!" Wè?

160 Li pi gran! Se Bondye, Kreyatè a! Van yo ak vag yo te oblige obeyi L. Demon yo te vin paralize. Tout nati a te obeyi L, paske Li te Kreyatè nati a. Oh, lè nou panse a sa, sa retire mòde a. Lè sa a nou konprann bagay sa yo, ou wè. Kisa l ye? Se pa lòm. Lòm pa ka fè sa; lòm fè pati de kreyasyon an. Wè? Men se van yoak vag yo ki obeyi Kreyatè a. Wè?

E sa pran Kreyatè a pou fè sa, "Paske Lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan lemonn." Moun ki ka koze pwoblèm, se li menm ki nan lemonn. Limenm ki nan ou, se Kreyatè a, ki te kreye van yo. Li ka chase dyab la nan van yo, epi kalm la tounen. Li ka chase dyab la nan tanpèt la, epi pa gen tanpèt. Li se Kreyatè a. "Epi Lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan lemonn." Wè?

161 Dyab la vin de mond lan. Lemonn pou li. Li te toujou pou li. 'Poukisa ou tonbe, O Lisifè, pitit douvanjou?' Wè, mond sa te pou li. Se lè sa li, te chase de Syèl la, li tounen ladann. Wè?

162 Se li ki te di Kris: 'Wayom sa yo pou mwen, m fè sa m vle avèk yo.' Yo pou li, e se li ki 'nan lemonn.'

163 Jan te fèk di disip yo: 'Nou aprann ke antikris la dwe vini, e li deja la a, lap aji nan pitit ki pa obeyi yo. Men, timoun, nou pa vin de mond sa a. Nou vin de Bondye. E lespri ki nan nou an gen plis pouvwa pase lespri ki nan moun ki pou lemonn yo.' Sa se Kris nan ou!

164 Limenm ki-ki kreye Syèl yo ak latè, te manifeste nan Moun ki Jezikri; Bondye nan Kris, ap rekonsilye lemonn avè L.

Annou di ou di: 'Men, Sa se te Fis de Dye a, Frè Branham.' Trè byen, annou gade si Li Etènèl, Dye de letènite.

165 Limenm ki te nan Jozye te pi gran ke solèy la. E Jozye te on moun, fèt nan peche, tankou oumenm avè m. E Limenm ki te nan Jozye, e nan solèy ki te jere pa kòmandman Bondye, Li te pi gran. Bondye te bay lòd solèy la pou briye epi pou vire sou limenm, epi li gouvène epi kontwole pa lwa Bondye yo. Men Limenm ki nan Jozye te pi gran ke lwa Bondye

yo; an efè, Kreyatè a Limenm te nan Jozye, lè Jozye te leve je I vè solèy la e I te di: 'Rete la kote ou ye. E oumenm, lin, pa bouje kote ou ye, jiskaske m fini batay sa a.' Epi solèy la epi lin la te obeyi, paske Limenm ki te nan Jozye te pi gran ke solèy la-la e lin la. Limenm ki te nan Jozye!

166 Limenm ki te nan Moyiz te pi gran ke Lejip. Lejip se te pi gwo fòs lame ki te genyen nan lemonn, yo te konki lemonn, epòk sa a. Men Limenm ki te nan Moyiz te pi gran ke Lejip, pwiske Moyiz te kale Lejip. Limenm ki te nan Moyiz te pi gran ke lanati menm. Èske nou deja panse a sa, Bondye pran Pawòl Li epi Li bay Moyiz Li, pandan Lap di: "Ale lòt bò a epi di solèy la pou I sispann briye"? E solèy la vin nwa tankou chabon! Pa vre? Li ka fè solèy la briye epi fè nwaj yo tounen, oubyen Li ka fè solèy la vin nwa. Li se Bondye; Li ka fè sa L pi pito, epi Li nan timoun yo ki kwè! Amèn. Se sa.

167 Nou pat ka wè yon sèl pis. Petèt ke se te ivè, pat gen mouch, men Bondye di Moyiz: "Al pwononse Pawòl Mwen, M pral mete nan panse w kisa pou di. Ale lòt bò a, ranmase tè sou sòl la, e voye I anlè, pousyè a."

168 Li di: "Kite gen pis!" E kèk lè apre, te chaje pis, te gen pwobableman on epesè de plizyè pous, tout kote atè a. Pa vre? Kreyatè a!

169 Pat gen krapo, alò li lonje baton I epi li : "Kite gen krapo!" Epi yo te anpile tout kote, si byen ke tout peyi a te santi. Pa vre?

170 Lè li vin nan Lamè Wouj lan epi I te sou chimen li, Bondye te di: "Pale ak lanmè an." Epi Moyiz te pale ak lanmè a; e Sila ki te nan Moyiz pi gran, pase lanmè an te ye limenm. Èske se vre? O la la! Kounye a, nou wè, Sila ki te nan Moyiz te pi gran, pase sila ki nan mond lan. Sila ki te nan Moyiz pi gran, pase nenpòt lanati ki gen nan mond lan. Li te kòmande lanati. A kèlkeswa sa Bondye te di I di, li te di I, epi se fason sa I te ye.

171 Menm Bondye sa a avè nou aswè an! Pa sèlman avè nou, men nan nou! Li te pwouve Li te nan nou. "Sila ki nan nou pi gran, pase sila ki nan mond lan." Kisa nou pè a, mond lan?

172 Isi an lòt jou a yo te jwenn yon—yon kèk kalite dan dinozò, anwo isi an nan viwonn... M sipoze nou tout te tandé pale de sa; anwo isi an nan Niagara Falls lan. Te di: "Li te peze sis

liv." M te panse yo ta pral di li te sot nan yon nonm, men m—m panse yo finalman eksplike li kòm kèk kalite bêt preistorik. Bèt sa yo pwobableman te viv yon fwa sou tè a. Kote yo ye kounye a?

Èske nou konnen, Bondye Toupwisan te ka kòmande dinozò pou vin sou tè sa a, nan pwochen lè an yo tap swasann kat kilomèt pwofondè? Nou konnen, Bondye te ka detwi mond sa a ak pis? Li te ka rele pis. Ki kote yo ale lè yo mouri? Kisa k rive mouch domestik lan? Kisa k rive sotrèl lan? Lè sezon ivè vini, epi l fè mwens karant anba zero; epi, pwochen prentan an soti, sotrèl toupatou tout kote. Ki kote yo te soti? Li se Kreyatè a ki pale l nan egzistans! Li se Bondye! Lanati obeyi Pawòl Li.

173 Kote anpil nan frè nou yo vin eksite, yo vin enpresyone ke Bondye di fè yon sèten bagay, epi yo di se MEN SA SEYÈ AN DI lè se pa sa. Se pou rezon sa l pa rive.

Men lè se Bondye ki vrèman ap di nou, li dwe rive, li dwe fèt fason sa a. Ou wè? Lè Bondye pale li, li dwe fèt.

174 Sila ki te nan Moyiz pi gran, pase sila ki te nan Lejip. Sila ki te nan Moyiz pi gran, pase nenpòt sa Farawon te ka fè, tout maji l yo. Sila ki te nan Moyiz te pi gran, pase sila an ki te nan majisyen yo. Ou wè? Sila ki te nan Moyiz te pi gran, pase tout lanati.

175 Pi gran! Sila ki te nan Danyèl te pi gran pase lyon yo. Li te ka kanpe lyon grangou sa yo. Kidonk nenpòt bagay ki ka kanpe nenpòt bagay, pi gran pase sa l te kanpe a. Kidonk lyon yo te prese soti, grangou, pou manje Danyèl; e Sila ki te nan Danyèl te pi gran, pase sila ki te nan lyon an.

176 Kounye a, lè lyon an te kreye anvan, li te yon zanmi lòm. Se dyab lan ki fè l fè sa. Se vre. Nan Milenyòm lan, lou an ak ayo an va manje ansanm, e lyon an va manje pay tankou towo an, e va lonje atè ak towo an. Yo pap fè mal oswa detwi nan Milenyòm lan. Dyab lan a prale. Se dyab lan ki fè bêt sovaj chire ak rache ak manje, ak bagay kon sa, fason yo fè a. Se Satan ki fè sa. Men Sila ki te nan Danyèl te pi gran, pase sila ki te nan lyon an. Ou wè? Sila a nan pwofèt sa a te pi gran, pase sila ki te nan lyon an.

177 Sila ki te nan timoun Ebre yo te pi gran, Sila ki te nan yo te pi gran, pase sila ki te nan dife an. Paske yo te voye yo jete nan dife an; epi Sila ki te nan yo, te avè yo, epi te anpeche dife an boule yo lè founèz lan te chofe sèt fwa pi cho pase I te janm chofe, te chofe. Se vre? Sila ki te ak timoun Ebre yo te pi gran, pase sila ki te nan mond lan.

178 Men Nebuchadnezzar chita la a, oswa Belteshazzar. Nebuchadnezzar, m kwè I te ye, ki te gen founèz lan ki chofe sèt fwa pi cho pase I te janm ye. Te enspire pa dyab lan, pou pran moun sa yo, paske yo tap kanpe pou Pawòl Bondye a; epi te voye yo nan founez sa a, sèt fwa pi cho pase I te janm ye, epi I pat ka menm boule yo. Paske Sila ki te ak Shadrach, Meshach, ak Abednego te pi gran, pase sila ki nan mond lan. Absoliman! O la la!

179 Sila ki te nan Eli te pi gran, pase syèl an eren yo te ye, paske li te ka fè lapli sot nan yon syèl an eren ki pat bay lapli pandan twa zan ak si mwa.

Sila ki te nan Eli te pi gran, pase lanmò. Paske, lè tan an vini pou I mouri, Bondye te wè pwofèt gramoun, fatige sa a. Li tap repwoche Jezabèl ak tout penti li ak bagay modèn, epi li te on jan fatige, kidonk Li pat menm kite I manche al lakay, tankou L te fè Enoch. Li te voye yon cha epi te pran I, epi te pran I monte Lakay. Sila ki te nan Eli pi gran, pase sila ki te nan Jerizalèm ak nan Jide, ak nan mòn yo. Sila ki nan Eli te pi gran, pase lanmò limenm. Sila ki te nan Eli te pi gran, pase tonm lan; paske li te chape tonm lan, li te chape lanmò, epi I te jis monte Lakay nan yon cha. Ou wè, Li te pi gran, e L te nan Eli.

180 Ou di: "O, ebyen, se te yon gwo nonm."

181 Tann on minit! Bib lan te di: "Li te yon nonm ki te gen tankou dè pasyon," tankou oumenm avè m. Se vre. Men lè I te priye, li te kwè li te genyen sa I te priye pou li a; sa Jezi te di nou: "Lè w priye, kwè ke w resevwa sa w mande an, li va fèt." Li te priye seryezman ke lapli pa tap tonbe, e lapli pat tonbe pandan twa zan ak sis mwa. Ou wè? Sila ki te nan Eli te pi gran, pase lanati.

182 Alò sa k pase ak gerizon malad yo? Ou wè? Sila ki nan nou pi gran, pase maladi an. Ou wè? Paske, se yon koupe, ap koupe lwa Bondye yo menm, maladi ye. Ebyen, sa k "pi

gran” an se Li ki nan nou, se Gerisè ak Kreyatè an, pase—pase dyab lan ki te koupe pwogram lavi nou an menm. “Sila ki nan nou pi gran, pase sila ki nan mond lan.” Ou wè?

Sila ki te nan Eli te pi gran! Sila a nan Ezayi te pi gran, pase tan an te ye; oswa nenpòt nan pwofèt sa yo, paske yo te wè depase tan an. Ou wè?

183 Sila ki te nan Jòb pi gran, pase menm vè sou po an, ak lanmò ak tonm lan. Paske, pa yon vizyon li te wè vini Seyè an, epi te di: “Redanmtè Mwen viv, e nan dènye jou an L ap kanpe sou tè a; e menm si apre vè sou po m detwi kò sa a, poutan nan chè m mwen va wè Bondye.” Ou wè? Sila ki te nan Jòb pi gran, pase lanmò; pi gran, paske lanmò te eseye pran I epi li pat ka fè I. Li pat ka fè I, paske li te di: “M ap leve w ankò;” epi I te fè I. Li te fè I.

184 Koute, swete nou te gen tan pou al pi lwen sou sa. Men m ta renmen poze kesyon an, ke m te tande yo te remake lòt jou an, sou, “Kris nan nou.”

Kounye a, pa—pa kite I repoze sou on bagay ke nou te fè; di: “M santi yon ti frison. M—m—m te pale nan lang. M—m te danse nan lespri a.” Anyen kont sa, kounye a. Sa trè byen, ou wè, se, men pa repoze sou sa. Ou wè?

Vi w dwe Sa. [Frè Branham bay Bib li ti tap—Editè a.] Sa a se Li. Oumenm ak Sa a dwe vin yon sèl, ou wè, e lè sa a Sa manifeste Tèt Li. Ou wè?

185 Kounye a e si—e si aswè a ke nou te ka di, ak tout kè nou, ke lespri Shakespeare te viv nan nou, ke Shakespeare te viv nan nou? Nou konn kisa nou tap fè? Nou tap fè zèv Shakespeare. Nou tap fè I. Nou tap fè I. Nou tap kreye powèm ak—ak pyès teyat, e latrìye, paske Shakespeare te jan de atis sa a, yon gran ekriven, ekriven powèm. Kounye a, si Shakespeare te viv nan nou, nou tap fè zèv Shakespeare yo. Èske se vre?

186 E si Beethoven te viv nan nou? E si Beethoven te viv nan nou? Nou konn kisa nou tap fè? Nou tap ekri chante tankou Beethoven, gran konpozitè a. Nou tap ekri chante tankou Beethoven, paske Beethoven tap vi nou. Nou tap yon Beethoven, reenkane, ankò. Si Beethoven te viv nan nou, nou tap fè zèv Beethoven yo, paske Beethoven te viv nan nou. Èske se vre?

187 Men Sila ki nan nou an se Kris! E si Kris nan nou, n ap fè zèv Kris yo, si Kris viv nan nou. Li te di sa. Sen Jan 14:12: "Sila ki kwè nan Mwen, zèv Mwen fè yo li va fè tou," si nou te nan Kris, oswa si Kris te viv nan nou. Alò, Kris se Pawòl la. Èske se vre? E Pawòl la vin jwenn pwofèt Li yo. Ou wè? E si, nou, Kris te viv nan nou, zèv Kris yo tap fèt atravè nou, Lavi Kris tap viv atravè nou. Zèv Li te fè yo, vi Li te viv lan, ak tout bagay, sa tap viv nan nou; jis tankou si Shakespeare, Beethoven, oswa—oswa kèlkeswa moun li te ye a te viv nan nou.

188 Si Lavi L! Men si nou toujou ap viv pwòp lavi nou, alò n ap fè pwòp zèv nou. Ou wè? Men si n ap viv Lavi Kris lan, si Kris nan nou: "Sila ki nan nou pi gran pase sila ki nan mond lan." Si dout nou ak konfizyon nou yo sou pwomès Bondye nan nou, alò Kris pa la a; ou wè, nou sèlman eksite. Men si Lavi an, si Kris ap viv nan nou, L ap rekònèt Pawòl Li e L ap fè pwomès Li. Ou wè? L ap fè.

189 "Lè ou priye, kwè ke ou resevwa sa w mande a, e yo va ba ou li. Si ou di mòn sa a: "Deplase," epi pa doute nan kè w, men kwè ke sa w di an ap rive, ou ka genyen sa w di a. Papa an travay, e Mwen travay jiska preznan. An verite, an verite, M di nou, Pitit lan pa ka fè anyen nan Limenm; sof sa Li wè Papa a ap fè, se sa Pitit la fè menm jan an." Ou wè? E lè Papa a te montre L kisa pou L fè; te mache deyò la a san yon echèk nan anyen, epi te di: "Ke sa la a," epi I te la a.

E menm Kris sa a viv nan nou. Sa viv nan nou. Alò n ap fè zèv Li, paske Kris se Pawòl la, e pwomès Pawòl la mennen gerizon ban nou. Èske nou kwè sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Sèten!

190 Li te di: "M pap kite nou san konsolasyon." Antan mwen priye, te mande sa fè on moman, la a nan Matye 24, ou wè, oswa Matye 28:20. Ou wè? Li te di: "M ap vin jwenn nou, ap nan nou. Mwen," Moun lan, Kris, nan fòm Sentespri an: "ap vini epi viv nan nou. Lè sa a nou pap pa nou—nou pa noumenm ankò. M ap nan nou. E Sila ki nan nou an pi gran, pase sila ki nan mond lan." Ou wè? Ebre 13:8 di: "Li se menm, ayè ak pou tout tan."

191 Sila ki te nan Noye te pi gran pase jijman dlo.

E Sila ki nan nou pi gran pase jijman dife. Ou wè? Sila ki nan nou pi gran, paske Li te peye jijman an epi te konkeri jijman an pou nou. Ou wè? Pa gen perèz sou sa. Ou wè, nou anndan la a. Wi.

Sila ki te nan Noye pi gran, pase sila ki te nan jijman dlo an, ki te detwi mond lan ki pat kwè. Paske, Noye te kwè. E Sila ki te nan li pi gran, ki te kwè Sila ki te pale avè li, pase sila ki te nan mond lan. Sa, Noye te chape tout jijman an, paske Pawòl Bondye an te pi gran pase sa, e li te leve pi wo jijman yo.

“Pi gran!” Kijan nou te ka akwoche a sa pou on moman! Ou wè?

192 Sila ki te nan David pi gran, pase lous ki te vòlè mouton I lan. Sila ki te nan David pi gran, pase lyon ki vini epi te pran youn nan ayo I yo. Sila ki te nan David pi gran, pase lènmi an, Goliath. Gran Filisten ki te kanpe la yo, yon douz, katòz pye nan wotè, ak dwèt katòz pou s sou li; ak yon lans tankou yon zegwi tisran; epi te kouvri toupatou ak de ou twa pou epesè, de asye oswa metal, leton. Men sa ki te nan David te pi gran pase sa ki te nan li.

Li te pwisans, mis. Li te yon gerye. Li te kapab, jis te di li tap pran David pa bout lans li an epi pandye I anlè, epi kite zwazo yo manje I.

193 E David te di: “Ou kontre avè m tankou yon Filisten, nan non yon Filisten. Ou modi m nan non bondye Filisten an.” Epi te di: “Ou te fè dyolè w kisa w ap fè. Epi ou kontre avè m ak yon pwotèj ak yon lans. Men m kontre avè w nan Non Seyè Bondye an, e jodi a m ap retire tèt ou sou zepòl ou yo.” E li te fè I, paske Sila ki tap enspire David pou kouraj sa a te pi gran.

194 Silan ki nan nou pi gran, pase chèz woulant sa a. Sila ki nan nou pi gran, pase sivyè sa a. Sila ki nan nou pi gran, pase kansè sa a. Sila ki nan nou pi gran, pase afliksyon sa a. Li pi gran pase nenpòt bagay ki genyen ke dyab la te ka mete sou nou. “Sila ki nan nou an pi gran, pase sila ki nan mond lan.” Li pi gran! Wi!

David te pi gran, sa k te nan David; Bondye nan David.

195 Li nan nou, se, Kris la. Li te konkeran tout lènmi, pou nou. Lè Li te isi a sou latè, Li te konkeri peche, Li te konkeri maladi, Li te konkeri lanmò, Li te konkeri lanfè, Li te konkeri tonm

lan, e kounye a Li viv nan nou kòm Konkeran an! Li te konkeri maladi, lanfè, lanmò, tonm, epi vin jwenn nou pou libere nou nan tout bagay sa yo. E Sila ki nan nou pi gran, pase sila ki ka mete blòf sa yo sou nou. Wi! “Sila ki nan nou pi gran, pase sila ki nan mond lan.”

196 Se konsa mirak sa yo rive. Se konsa van sa a te sispann, lòt jou an. Èske yon èt imen te ka fè sa? Kon, mesye, li enposib. Lè m te kanpe la a, ap kriye, epi van sa yo ap dechire, epi...

Konbyen moun anndan isi a, te anwo la a? Ann wè nou leve men nou. Leve men nou anlè, tout moun ki te anwo la a, anwo sa a nan Colorado lè sa a nan—nan moman sa a. Trè byen. Frè Fred, m sipoze, se sèl moun ki te prezan, lè sa a. M te panse petèt Frè Mann te isi an, men li...Frè, Frè Evans, li pat la? Frè Evans te anwo la a nan moman sa a. Ya. Trè byen. Epi, ya.

197 Remake. Èske se pa laverite? Èske se pa fason I te rive a? Lapli yo te jis sispann, epi van yo te sispann soufle. Kisa I te ye? Sou pawòl mwen? Non! Paske Li te di m fè I. E Sila ki nan nou pi gran, pase nenpòt lanati. Èske se pa menm Bondye an ki te ka kalme vag lanmè a, te ka fè van yo tounen nan plas yo? Èske se Li menm Sila ki te ka nwasi solèy la, te ka fè solèy la klere? Ebyen: “Sila ki nan nou pi gran, pase sila ki nan mond lan.” Ou wè? Trè byen.

198 Kounye a se pou sa vrè mirak sa yo ka fèt, paske se yon pwomès Bondye: “Bagay ke m fè yo, nou va fè tou.” Sen Jan 14:12. Li, Kris, ki te kalme van yo ak vag yo, se Kreyatè yo. Li toujou jis otan Kreyatè menm jan L te ye lè sa a. Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

Li te geri malad yo epi te detwi peche, epi te chanje tout pou nou, epi vin jwenn nou konsa Li te ka abite avè nou. Li te konkeri tout sa yo, pou vini epi viv nan nou. Li se Konkeran sa a ki te deja konkeri bagay sa yo; te pwouve I nan Lèzekriti, tounen epi te konkeri tout bagay, epi te pwouve nou ke Li se menm Bondye an. E aprè mil nèf san zan, men Li toujou ap fè menm bagay la nan mitan nou ke L te fè lè sa a, ki te konkeri lanmò, lanfè, maladi, ak tonm lan!

199 Kris sa a, “Li” sa a, Li se Sila ki nan nou. Li se Kris. Menm jan Jan te di: “Sila ki nan nou pi gran pase sila ki nan mond lan.” Se te Kris! Li pi gran pase tout mond lan paske Li te

konkeri mond lan, epi pi gran an, pase tout bagay sa yo, paske Li te konkeri l pou nou. "E nou plis pase konkeran atravè Li ki te renmen nou epi te bay Tèt Li pou nou," konsa Li te ka tounen epi fè zèv Li nan nou, pou pwouve nou ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

Lè Li te sou latè, Li te pwouve lè Li te kanpe nan mitan moun yo, Li te Mesi a. Li te ka disène panse yo ki nan kè yo. E Bib lan te di, Moyiz te di, ke: "Li tap yon pwofèt." Èske se vre? Li te konn sekrè kè an. Li te konn kiyès moun yo te ye. Li konn kisa k pat bon avè yo. Èske nou te wè sa fèt? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Chak fwa san rete!

200 Nou konnen ke mò yo te resisite, dwat sot nan lanmò. Kèk nan yo te mouri pandan yon jou edmi. Ebyen, te mouri yon jou maten, epi yo te mennen l tounen nwit sa, epi te vwayaje tout lannwit; epi jou apre an apeprè a midi, oswa yon tikal apre midi, li antre nan kote tant lan te ye a. Yon ti bebe mouri, frèt, epi lonje nan bra manman an. E Seyè Bondye an te mennen, te pale Pawòl Lavi a, epi bebe sa te rechofe epi te kòmanse ap kriye; remèt li nan bra manman l.

201 Mesye Stadklev, ki kanpe la a pou wè sa fèt, se pou reson sa a li te kriye tèlman pou bebe l la, te vle m pran vòl pou al an Almay. Men Seyè an te di: "Sa se men M; pa repwoche sa a." Ou wè, ou konn pi byen pase sa.

Lè L te di Moyiz, te di: "Pale ak wòch lan," pa frape l. Sa te vle di "pale," pa frape, ou wè. Nou dwe obeyi sa L di fè a. "Men okenn nonm pa ka fè anyen nan limenm," Li dwe tande l an premye sot nan Bondye.

202 Kounye a Pawòl Bondye a te pwomèt ke Li viv. E, paske Li viv, nou viv. Li te pwomèt, ke: "Zèv ke M fè yo nou va fè tou. Menm bagay yo, sèlman plis nan li, n ap fè, paske M pral jwenn Papa an." Li te konkeri tout bagay. Li se Sila a ki te kanpe...

Li se Sila a ki te fè ekirèy sa yo. sa te rive de fwa. Te rive yon fwa anba nan plas nou an, Charlie. Epi l te rive—li te rive anwo isi a lè, frè yo, Frè Fred ak Frè Banks avè yo anwo la a avè nou.

203 Sa te rive an Almay, lè kenz doktè sòsye sa yo, sou chak bò mwen, te di... Paske Billy ak Frè Arganbright pa tap kite yo—yo wè m, yo te di: "Ebyen, n ap lakòz pou tant sa a soufle

ale." Epi yo chita la a, ak maji yo, epi te rele bondye yo, dyab lan, epi men l vini nan yon tanpèt. Apeprè trant mil, karant mil Alman deyò la a, epi tant sa a jis leve monte desann kon sa.

Sila yo, epi koupe, te pran yon sizo epi koupe yon plim, epi te pwente l tounen kon sa. Epi ap di pa yo, a prale nan tout maji yo, epi ap di twa mo sen yo ke yo di: "Papa an, Pitit la, Sentespri an; lu-lu-lu-lu-lu-lu! Papa an, Pitit lan, Sentespri an; lu-lu-lu!"

204 A prale kon sa, e an reyalite tanpèt lan monte. Sèten. "Li se prens pwisans lè an," Satan. E yo te rele tanpèt lan. E, kounye a, menm gran gwo tant sa a ki te enstale deyò kon sa, o la la, li tap kouvri apeprè yon blòk kay; epi l te konstwi, te konstwi nan yon de pa kat, epi jis twal ki te kole sou li. Van an ale anba la a epi te jis leve l, kon sa. Epi van sa a, ak zèklè ki tap vole kon sa, m te jis preche san rete.

205 E, o, yo tap jis al nan yon gwo maji, ap kontinye epi kontinye kon sa, ap di ti mo sen sa yo ke yo te di: "Twa mo sen wo yo: Papa, Pitit, ak Sentespri," sou de bò yo kon sa. Apresa m te wè li soufle, epi te antoure ak demon la a, men pat mare.

206 Epi m te di Frè Lowster: "Pa entèprete sa."

207 M te di: "Frè Arganbright, jis priye."

208 M te di: "Seyè Bondye, Kreyatè syèl ak latè, Ou te voye m isi a. M mete pye m sou tè Alman sa a, nan Non Jezikri, paske Ou te voye m isi a. Nyaj sa a pa gen okenn pouvwa sou mwen. Li pa genyen, paske mwen wen e yo te voye m isi a pou lesali moun sa yo."

"M kòmande nou, nan Non Jezi, pou n pati sot isi a."

209 E tonè yo, a prale: "Bang! Bang! Bang!" Te fè: "Grrrrrrrrr," te woule ale, epi tou dwat anlè tant lan, te soufle tounen; epi solèy la te klere soti.

210 Nan di minit, te gen apeprè di mil nan viwonn lotèl yo ak bagay, ap rele pou mizèrikòd, pou wè pwisans Bondye an. Poukisa? "Sila ki nan ou pi gran, pase sila ki nan mond lan." Ou wè?

211 "Sila ki nan nou pi gran, pase sila ki nan mond lan." Wè afliksyon yo nan bagay lan, o, frè, sè, nou pa gen yon sèl enkyetid ditou. Grandè an se Bondye, e Li nan nou. Èske nou kwè sa? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

212 Kounye a m t ale nèt depase tan an. Li kenz minit, apeprè, apre nevè. E m konnen moun sa yo gen yon long chimen pou kondwi.

Ann koube tèt nou jis on moman.

213 O Papa Bondye, Ou konnen sou Colorado. Ou konnen bagay sa yo vre. E m di sa pou glwa W, ke moun sa yo te ka konnen. Apre tout pwouve syantifik lan, de foto yo, ak de zèv Sentespri an. E, Seyè, Ou konnen ke Li...ke m te deklare klè bay moun yo, e toujou fè sa, sa se paske Ou te pwomèt li. E Ou isi an, ap eseye jwenn yon moun ke Ou ka konfime Tèt Ou nan li, pou kite lòt wè ke W viv, e Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. M priye W, Seyè, pou gen mizèrikòd, epi pou gide ak dirije nou nan panse nou.

214 Men sila yo ki chita isi a ki malad epi aflije. Men sila yo ki petèt ka mouri si yo pa jwenn èd nan men W. Anpil nan yo, petèt, nan fen wout lan, kote doktè yo pa ka ede ankò. Ou se Bondye, e Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E Prezans Ou isi a.

215 E, Seyè, nou pa konn kisa Twazyèm Pull sa a, jan nou te pale de Li a, ap ye. M pa konn kisa. Men nou konn yon sèl bagay, ke Premye Pull lan te pèfeksyon. Dezyèm Pull lan, etan senk lan, te gras.

E Bondye, m priye aswè a ke W ap revele Tèt Ou ban nou, ke apre bagay sa yo, ap di: "Sila a ki nan nou!" E Ou te di: "Zèv ke M fè yo nou va fè yo tou," epi te di Ou pat di anyen jouk Papa an te montre W.

216 E nou te wè sa W te fè I lè W te kapab di Apot Pyè kimoun li te ye, kisa non papa I te ye. Di Natanyèl kisa misyon la te ye, kijan li vini pou I la a, ki kote I te ye anvan sa, kisa I te fè. Te pale madanm lan, nan pi an, de peche I yo ak kisa I te ye, ap viv nan adiltè sa a ak sis nonm sa yo; senk li te genyen yo, ak youn li tap viv avè I kounye a pat mari li. Ou toujou menm Bondye an. Ou te di...

217 Se te kondisyon avèg Batime, antan I te kanpe la a; men poutan, nan kè li, li te gen yon vizyon, ke I te ka wè; ke, si se te Jehovah ki te manifeste nan Filyasyon Jezikri an, ke Li te kapab konn rèl li. E li te rele: "Oumenm Fis de David, gen pitye pou mwen!" E sa te kanpe W, epi W te vire epi te geri I, O Papa, ap di I ke lafwa li te sove I.

218 Ti madanm anemi sa a, ke atravè pwoblèm san sa a ak chanjman vi an, epi pandan dè zane li pat ka kanpe. Li te depanse tout lajan I pou doktè, e okenn nan yo pat ka ede I. Li te vin nan youn nan reyinyon W yo antan Ou tap pale ak on mesye la a nan—nan Galile, antan Ou te sou wout Ou pou al kay Jairus. Ti madanm sa a te di nan kè I, san yon Ekriti dèyè I: "Si m ka sèlman manyen rad Li, m—m kwè ke m ap geri." Epi li te jwenn dezi li lè I te manyen rad Ou. Epi Ou te di I ke lafwa I te fè sa, te eksplike volonte li, epi li te geri.

219 Yo di nou nan Pawòl la ke Ou se yon Gran Prèt, ki chita sou Anwo, ki toujou vivan pou fè entèsesyon. Epi—epi tou ke Ou, etan Gran Prèt lan, nan moman sa a, ke yo ka manyen pa santiman enfimite nou. Seyè Bondye, akòde ke chak moun isi a aswè a ka...gen privilèj manyen Ou aswè a, gwo Gran Prèt lan, epi vin byen. Pou Glwa Bondye, m mande I nan Non Jezi. Amèn.

220 Kounye a, m pa...Èske gen kat pou lapriyè? M—m te di Billy pa....èanke gen moun ki gen yon kat pou lapriyè? Trè byen, se kòrèk, m te di I pa distribye yo. M te panse petèt m tap vin on tijan long, jan mwen...o, m jis pale tèlman anpil. Men, gade, ou wè, epi nou te di m, lè m te di: "M ap eseye soti a uitè edmi," nou te ri, epi m—m te konnen nou te konn de kisa nou tap pale. Mwen—mwenm...men m—m renmen nou. Ou wè?

221 Kisa, kisa m ap eseye fè, m te toujou eseye sa, zanmi; pou yon moun pa janm di: "Frè Branham te fè sa." Frè Branham pa ka fè anyen. Ou wè? Se Jezikri. E Sila a ki nan mwen an nan nou. Nou jis dwe kwè. Èske se pa vre? Ou wè? Sila ki nan nou pi gran pase maladi nou an.

222 Kounye a konbyen moun anndan isi a ki malad nan kò yo, ki pa konnen m, men nou kwè ke nou gen lafwa ase pou manyen Gran Prèt la, leve men nou anlè, di: "Mwen kwè I"? Trè byen. O, gen pratikman toupatou, dè men. Trè byen. Konbyen moun anndan isi a ki

kommen m, epi kommen mwen pa konn anyen sou sa nou bezwen, epi nou vle pou Bondye manyen nou? Leve men nou anlè. Ou wè? Ou wè? Trè byen.

223 Franchman, pa gen pèsòn anndan isi a ke m konn on bagay sou li, jis nan moman prezan sa a, kòm etan malad. Men ti gason sa a ki chita isi a, m konnen l. M te priye pou li, plizyè fwa. M pa ka sonje non li, men li sot anba an nan Kentucky. Li ekri m tout tan, zanmi pèsonèl Frè ak Sè Wood avè yo, epi vin anwo la a. E li te patisipe nan reyinyon an pandan lontan, lontan. Se sèl moun ke m konnen.

224 Kounye a, Frè Dauch, otan ke m konnen, li trè byen, oswa li pa tap chita isi a. Li te malad anpil lòt jou an, epi Seyè a te geri l.

225 M pa konn moun sa a. E m pa konn kimoun ki gen beki sa yo isi a; petèt moun sa a nan chèz lan. M—m pa konnen.

E m—m konnen anpil nan nou. Men Bondye nan Syèl la konnen, nan moman sa a, m pa konn sa nou vle. M pa gen okenn lide. Li on jan di isi an nan tabènak la, paske, ou wè, m konn anpil moun.

226 Kounye a men sa l ye. Lè w vin nan on kote...Kounye a, m vin isi a, pafwa, epi m di: "Trè byen, n ap bay tout moun yon kat pou lapriyè epi mete yo nan liy. Monte sou lestrad la." Yon moun ap pati...Kounye a nou pa ka...

Kounye a, zanmi, m pral louvri kè m epi di nou on bagay. Nou pa ka kache sa. Jis sa n ap panse, m konnen l. Se vre. M konnen sa n ap panse an. Ou wè? E pafwa nou di: "Frè Branham, m kwè." Pouki, ebyen, nou kwè rive nan on pwen. Ou wè? Ou wè? M konnen.

227 E isi an menm, lè mwen, jis kounye a menm, onksyon an fèk ap vin sou mwen, nou wè. E m ka jis santi bat sa a, tankou, yon batman, ou wè, yon bat ki sot diferan kote. Ou wè?

Men kounye a pa—pa refize kwè ankò. Kwè tout Mesaj la. Kwè Sa. Si l pa sa, si l pa ekri nan Bib lan, alò piga nou kwè l. Men si Li nan Bib lan, alò Sentespri an kap viv nan nou gen ledevwa pou fè sa si nou kwè L. Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

M konnen sa di. Ou wè, anyen pa vin fasil.

228 Sa te di pou L mouri, konsa sa te ka pwodwi pou nou. Sa te di pou L ale nan Kavè; Li te vle rete, menm tèlman anpil jouk Li te rele: "Pa volonte M, men Pa W la ki pou fèt." Ou wè? Ou wè? Li pa vle pati; Li te yon Jenn Mesye, e Li te gen frè L yo. Li te renmen yo jis tankou m renmen nou. Men Li—Li pat ka viv, epi yomenm viv tou, kidonk Li te mouri konsa nou te ka viv. Sa pat fasil. Li te dwe fè l. Gade ki lanmò ki tap tann Li: "Papa, lè an vini, e èske M dwe priye ke W elwaye koup sa a de Mwen? Non." Li pat vle fè sa; Li te vle pou volonte Bondye fèt.

229 Kounye a, gade, si n ap kwè menm bagay sa a! Kounye a, pa—pa—pa mete lonbraj sou Li, ditou. Jis kwè l. Jis aboliman kwè li. Pa doute. Ou kwè l.

230 Si m mennen moun yo nan yon liy lapriyè, epi m di: "Trè byen, kounye a moun sa a, ou konnen m pa konnen w."

231 "Non, se vre, Frè Branham."

232 Apresa dwat deyò la a n ap atrap yon moun kap di: "En en, men I ap li sa yo mete sou kat pou lapriyè sa a! Telepatil!" Li jis an verite ap fè sa.

233 Apresa m ap di: "Trè byen, kounye a dimanch sa a nou pap distribye okenn kat pou lapriyè. M vle tout moun isi an, ki se yon etranje, pat janm anndan isi an anvan, nou kanpe." Ou wè? E—e apresa Sentespri an ap vire tounen dwat epi disèn kisa ki te nan yo tout. Ou wè? Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Nou te wè l toude fason yo.

234 "O, ebyen, gen yon bagay ki pa bon ak sa." Ou wè? Ou wè? Gen, pa gen okenn fason, nou—nou—nou pa ka...Ou wè, toutotan Santan ka pran posesyon, I ap jis fè nou kwè nenpòt bagay.

E I ap montre nou tout fot ke m genyen, epi m gen anpil nan yo li ka montre nou. Piga nou gade sa! Piga nou gade sa. M se yon nomm. Ou wè? Men, sonje, Pawòl Bondye sa a se Verite a, e m ap eseye viv pa Li.

235 Si m sot isi a epi kòmanse ap fè move bagay, ki pa bon, ap peche, epi ap bwè, epi, oswa ap fimen, oswa—oswa ap fè dè bagay ki pa bon, ou—ou vini epi rele m, paske sa—sa

pa vin konsa. M—m vle lè sa a kite mond lan. M pa...M vle pati anvan sa rive. Ou wè? M pa vle fè sa.

236 Men toutotan m ap eseye viv sa ki bon epi fè sa ki bon, ou wè, epi eseye viv tankou yon Kretyen ta dwe fè, epi apre kite Bondye pran Pawòl Li epi ap tande m kanpe bò kote L. Menm si Sa koute m tèlman anpil zanmi ak popilarite mond lan, ak bagay kon sa, epi plizyè te rayi m, ak denominasyon, te choute deyò, poutan m vle ret fidèl ak Pawòl sa a. Se Pawòl Bondye, a m renmen Bondye. Kidonk se Pawòl Bondye, epi m—m di nou sa: "Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan," e Li nan nou kounye a. E si...

237 Kounye a, si lavi Shakespeare te nan mwen, ap viv nan mwen, si Shakespeare te viv nan mwen, èske m pa tap fè zèv Shakespeare? Si Beethoven nan mwen, èske m pa tap fè zèv Beethoven? Si lespri Dillinger te nan mwen, si John Dillinger te viv nan mwen, èske m pa tap yon John Dillinger? Si Beethoven te nan mwen, m tap yon Beethoven? Ou wè? Si Castro te nan mwen, m tap yon castro? Ou wè?

E si Jezikri nan mwen, zèv Li m ap fè, paske se Li. E èske L pat di menm bagay sa a tap rive? Ou wè? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

238 Kounye a kisa L tap fè si L te kanpe isi a, si Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan? Li di: "M ka sèlman fè sa Papa an montre M fè." Èske se vre? Ebyen, se fason L te fè I yè.

Kounye a èske Li se menm lan? E sak pase ak maladi an? Pri w lan déjà peye. Nou chak déjà geri de maladi nou. Èske se vre? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Pou sa...Nou chak padone, men nou dwe asepte I. Nou chak geri, men nou dwe asepte I.

239 Kounye a, pou pwouve ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Si L te kanpe isi a, Li pat ka geri nou, ditou, ak enkredilite nou. Nou tap dwe kwè I, jis menm jan nou dwe kwè li kounye a menm. Li ta dwe menm bagay la, ou wè. "Paske, anpil zèv pwisan Li pat ka fè nan jou Li, poutèt enkredilite yo." Se vre? Anpil zèv pwisan Li pa ka fè jodi a, poutèt enkredilte an.

240 Kounye a, Kimoun ki te ka di sa davans? Bondye. Kimoun ki te di sa? Bondye. Kimoun ki te fè sa? Bondye. Kimoun ki te di kote lous lan, sèf, karibou, tout lòt bagay sa yo, ak sèt

yo...tout—tout bagay sa yo ki te rive? Kimoun ki te di sa? Li, Kris, ki nan nou, ap pwofetize Tèt Li nan nou, ap revele Tèt Li ke Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

Kimoun ki te kanpe van yo? Kimoun ki te kreye ekirèy yo? Menm Sila ki te kreye yon belye pou Abraham, lè li...te rele L “Jehovah-jireh.” Non redanmsyon konpoze sa yo toujou aplike a Li. Li toujou Jehovah-jireh: “Seyè an ka bay Tèt Li yon Sakrifis.”

241 Kounye a, chak gress nan nou, m—m vle sensèrite nou ki pi fon kounye a. Si n ap an reyalite kwè ak tout kè nou, pap gen yon moun fèb nan mitan nou, pou lè revèy sa a vire senk minit an plis. Pap gen yon moun isi a sof sa kap sou pye yo, ebyen, si n ap jis kwè I. Èske nou ka kwè?

242 Kounye a ann jis wè kounye a si L ap vin jwenn nou epi revele Tèt Li, pandan nou koube tèt nou.

243 Seyè Jezi, kounye a ede m. Epi m ap obeyi W, Seyè, tout fason m konnen. Padone peche m ak move zak mwen yo. M priye nan Non Jezi. Amèn.

244 Kounye a ann pran bò sa a isi a, yon moun anndan isi a. Kwè, gen lafwa, pa doute! Yon moun ki pa konnen m, si posib. M pa ka di kote vizyon an prale. M jis dwe veye Li. E si Li fè sa, alò nou konnen I, si li vre ou pa. Nou jis kwè, epi pa doute. Si L ap fè I, èske n ap kwè, ou wè, apre tout sa ki te fèt jodi a? Ou wè? Jis asepte gerizon nou, ou wè. Di: “Seyè, kounye a m ap manyen Jezikri. M ap kwè.” Kounye a ke Bondye nan Syèl akòde li.

245 “Sila ki nan nou an pi gran, Kris, pase sila ki nan mond lan.” Kounye a, nan reyinyon an, kote nou manyen Li, Li tounen bay reflè Tèt Li; menm jan madanm lan te manyen Bondye a, atravè Kris, epi te tounen bay reflè bezwen I yo.

246 M wè kounye a lòtbò nan yon kwen isi a, li sanble tankou se yon nonm, li trè seyezman. Non, se pa sa. Se yon madanm kap priye pou yon nonm, epi nonm lan pa isi a. Men se yon madanm. M wè ke madanm sa a...Se papa I—I, epi I ap mouri ak kansè. E trè seryezman. Nonm lan pa isi a. Li nan yon lòt plas. Se pa peyi sa a, menm. Se, li nan Georgia.

Jis kontinye priye. Nou kwè ak tout kè nou kounye a? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

Jis kontinye priye, ou wè.

Non madanm lan, kap priye a, se Madan Jordan. Li pa sot Georgia. Li sot North Carolina. Si se vre, madam, kanpe sou pye w. Egzak, tout verite an. [Sè an di: "Mèsi Bondye! Mèsi Bondye!—Editè a.] Èske w tap priye pou sa? ['Wi, mesye; papa m."] Trè byen. Trè byen. [Sè an kontinye fè kòmantè sou papa I.]

Èske w kwè, ke: "Sila ki nan ou pi gran pase sila ki nan mond lan"? [Sè an di: "M kwè."—Editè a.] Èske w kwè ke Li ki...

247 Gade, men yon lòt bagay. Ou te gen yon gran fòmasyon nan premye jou w yo, oswa yon lòt bagay, paske sanble tankou ou melanje oswa nan yon kalite de Kretyen...Èske papa w pa yon minis, oswa on moun kon sa, kèk nan moun ou yo, oswa on bagay? [Sè an di: "Mari m."—Editè an] Mari w, se moun lan sa. M ka wè yon moun ki kanpe bò kote w, ap preche Levanjil lan, epi ou te nan yon legliz. Li te konekte avè w. ["Louwe Seyè an!"] Trè byen, men ou.

Kounye a, dam lan m pa konnen I, men Bondye konn madanm lan.

248 Kounye a, èske w gen on bagay nan pòch ou, yon ti mouchwa oswa yon bagay la a? Trè byen, alò ou pla-...Lè w chita, mete men w sou mouchwa sa a, epi pa doute, epi Sila ki nan ou an pi gran pase sila kap touye papa w la. Kwè ak tout kè w, se konsa I va ye jan ou kwè.

249 Kounye a, m vle mande nou on bagay. M pa konn madanm sa a. Otan ke m konnen, se premye fwa an, m sipoze, m te janm wè I. Men li chita la a nan yon kondisyon dezespere, ap priye. E Bondye an menm ki te ka vire epi pale ak madanm lan de pwoblèm san li, se menm Bondye a ki isi a, ap montre ke Sila ki nan nou te konkeri mond lan. Nou kwè? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.] Si nou jis gen lafwa, pa doute.

250 An palan de kansè, m wè lonbraj nwa sa a ankò. Li sou yon madanm, ki chita *isi an* menm. Li gen kansè nan gòj, epi li nan yon move eta. E li tap priye pou, epi tap eseye asepte

gerizon li. Madan Burton, si wap kwè! M pa konnen madanm lan. Men si w ap kwè ak tout kè w...Vrèman, bagay la...

Kite m eksplike w sa, kisa w ap eseye fè. Ou te pèdi vwa w, nan li, epi w ap eseye priye pou vwa w tounen. Èske se vre? Souke men w kon sa. Kounye a, madanm lan s on etranje pou mwen. M pa konnen l. Wè li? Se vre. Men, men li la a. Ou wè? "Sila ki nan ou pi gran, lafwa ki ka manyen Li, pase sila ki nan gòj ou a."

Nou kwè ak tout kè nou? [Asanble di: "Amèn."—Editè a.]

251 Sè Larsen, mwen konnen w. Li se mèt kay mwen. Men, Sè Larsen, ou t ale nan yon doktè oswa yon bagay, yon lòt bagay. Ou pare pou yon operasyon. Se vre. Èske se pa vre? Sila ki nan ou an pi gran, Sè Larsen, pase sila ki nan mond lan. Jezi te di: "M se yon etranje, e ou te fè M antre. Otan ke ou te fè pou sa k pi piti nan sila yo, ti pa M yo, ou te fè l pou Mwen."

O Papa ki nan Syèl, gen pitye!

252 Kisa w panse? Ou pare pou yon operasyon, tou. Ou se yon etranje pou mwen. Èske se vre? [Sè an di: "Wi."—Editè a.] Ou pa moun isi a. ["M konnen w, men ou pa konnen m."] Ou konnen m, men m pa konnen w. ["Ou pa konnen m."] Men Bondye konnen w. Ou kwè sa? ["Wi, m kwè."] Ou pare pou yon operasyon. Ou pa viv isi a. Ou toupre Bedford, Springville, yon bagay tankou...Se kote l ye a, Springville. Madan Burton...Non, non, m mande w padon, m pat vle di sa. Madan Parker, se non w. Se pa sa? Sila ki nan ou pi gran, pase sila kap eseye touye w lan. Èske se vre? Èske w kwè ak tout kè w? Alò ou pap bezwen operasyon w lan, si w kwè.

253 Kisa ou panse de tout sa, sè? M pa konnen w. Ou se yon etranje pou mwen. Èske w kwè mwen se pwofèt Li? [Sè an di: "M kwè l."—Editè a.] Ou kwè. Mèsi. Bondye ap onore sa. Ou se Madan White. Ou sot Fort Worth, Texas. Ou gen yon maladi nan mis, yon kondisyon nè. Ou mal anpil. Pa gen okenn lespwa pou ou, otan ke lasyans medikal konsène. Mari w, li gen yon bezwen espirityèl ke l ap priye sou sa. Ou gen yon pitit gason la a, li gen pwoblèm ak do l, ak pwoblèm kè. Ou gen yon ti gason nan kwis li. Ti gason sa a gen on kalite pale ke w ap priye sou sa. Si se vre, leve men w anlè. [Mari an di: "Se vre. Yo se bezwen nou."]

“Sila ki nan nou pi gran, pase sila ki nan mond lan.” Èske nou kwè sa? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Ak tout kè nou? [“Amèn.”] Ak tout nan li? [“Amèn.”]

Kounye a ann koube tèt nou.

254 Kounye a Li tale atravè bildin lan. Li te pwouve nou ke Li se Bondye. “Pi gran, Sila sa a ki nan nou, pase sila ki nan mond lan.” Se Seyè Bondye an. Kounye a, Sila ki nan nou an, kite L gen siperyorite. Kite se Li ki pou di de—de sa ou...

Ou di nan kè w kounye a menm, si ou ka, ak tout kè w, epi kwè l: “Maladi ki te nan kò m lan ale.” Ou wè? “M pa aflije ankò. M pa gen maladi ankò. Sila ki nan mwen pi gran pase sila ki nan kò m. Sila ki nan kè m pi gran pase sila ki nan chè m. Se poutèt sa, Sila ki nan kè m te kreye syèl ak tè yo. Chè m te kontamine pa Satan, epi m se yon tanp pou Sentespri an viv ladann. Se poutèt sa, Satan, m kòmande w kite kò m. Nan Non Jezikri, soti nan mwen.” Ou wè? Ou kwè li? [Asanble di: “Amen.”—Editè a.]

Kounye a annou tout priye nan pwòp fason pa nou kounye a, chak moun, pandan m priye pou nou.

255 Bondye Toupwisan, Kreyatè syèl ak latè a, Otè lavi a, Revelatè sekrè kè an, Ou te di: “Pawòl Bondye an pi file pase yon nepe de bò, e menm Youn Ki Disène panse lespri an.”

256 Se pou rezon sa a, lè Pawòl la te fèt chè, Li te konnen a kisa yo tap panse, antan Li te wè panse yo. Li te Pawòl la, e Pawòl la te konnen sekrè kè yo.

E Pawòl sa a toujou menm Pawòl la. E aswè a nou wè L ap revele Tèt Li nan nou, apre de mil lane, paske Li te ekri L sou papye an e L isi a ap konfime l, ap montre l, ke Se vre.

257 Men mouchwa yo lonje poze isi a. Moun malad toupatou. M priye ke gran Sentespri ki prez an, ki montre bagay sa yo, ki di bagay sa yo, e pa janm fayi, men sa ke se vre, pa yon sèl fwa Li ka fayi, paske Se Bondye. Kite L wenn mouchwa sa yo ak Prezans Li, epi geri chak moun malad ke yo poze sou yo. E Bondye Ki ka vivan, apre de mil lane, e ka fòme Tèt Li nan kè pechè ki te rachte pa gras ak lafwa, e ka pale Pwòp Pawòl Li atravè bouch mòtèl, epi gade l ki rive jis egzakteman sa L te pwomèt la.

258 O Seyè Bondye, m mande W pou W gen pitye pou nou. E ke chak gason ak fam ki chita prezan, ki gen nenpòt kalite maladi oswa afliksyon; epi menm jan Moyiz te voye tèt li jete nan twou an, pou pèp lan, aswè an m poze kè m devan W, Seyè. E ak tout lafwa ke m genyen, ki nan Ou, ke W te ban mwen, m ba yo. Menm jan Pyè te di nan pòtay ki te rele Bèl la: "Sa ke m genyen, mwen ba ou. Nan Non Jezikri de Nazareth, leve epi mache." E nonm ki te enfim lan epi—epi fèb pou kèk moman, men, pandan yo te kenbe li, zo chevi li te resevwa fòs. E li te antre nan Kay Bondye a, ap sote, ak lwe ak beni Bondye.

259 Ou se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. E apot Li te di: "Otan ke m genyen, m ba ou." Se te lafwa. E mwen di: otan mwen genyen, mwen bay oditwa sa a! Nan Non Jezikri de Nazareth, renonse a maladi nou, paske Sila ki nan nou pi gran, pase dyab la kap eseye pran lavi nou. Nou se pitit Bondye. Nou se rachte yo.

260 M kòmande ke Satan kite moun sa yo. Ke Bondye Ki te fè tanpèt sa a fè bak lòt jou an, Bondye Ki te fè van yo ak vag yo sispann, se pou L veye ke chak maladi retire sot nan moun sa yo, epi pwisans Kris lan manifeste nan vi yo nan lè sa a. Ke chak pechè repanti. Ke chak moun, ki pa pwòch avè W, mete yo dwat nan lè sa a. E ke sa fèt konsa, nan Non Jezikri.

261 Mwen, kòm pastè nou, frè nou, ak ki lafwa mwen genyen, m te mande Bondye plase I sou nou, M kwè ke m ap resevwa sa ke m te mande a. Kounye si n ap kwè I avè m; ak ki lafwa ke m genyen, m ban nou pou lè sa a.

E kounye a, nan Non Jezikri, Pitit Bondye an, renonse ak afliksyon nou, maladi nou, epi di I: "Ou dwe ale," paske ou gen lafwa w, plis lafwa m, ak pwisans Jezikri, Ke omniprezans Li isi a pou konfime I epi pwouve ke Li isi a, ap fè w byen nan moman sa a.

262 Èske w kwè sa, madam, ki lonje sou kabann kan sa a? [Sè an di: "Se vre."—Editè a.] Menm si tout mis ou yo tankou yo rele I, yon sklewoz ak bagay, ou ka mache si w ap eseye. Kanpe, nan Non Jezikri. Ede I la a. Men I ale. Èske nou pa kwè? Rès nan nou, kanpe. Zo chevi li te resevwa fòs.

Kounye a ann leve men nou epi ba Li louwanj.

263 Gran Jehovah Bondye, nan Non Jezikri, nou remèt tèt nou ba Ou pou gerizon an.

Amèn.